

*Primbon*

# SABDA PANDITA



Yudistira.

Markandeya.

KAIMPUN : R TANOJO  
AKHLI PRIMBON

PENERBIT : „TRIMURTI”  
SURABAYA

PRIMBON  
SABDA PANDITA

●

Primbone para Ahli nujum

kaimpun :

R. TANOJO

●

Penerbit

'TRIMURTI,,

Jl. Bendulmerisi No. 87 Surabaya.

## ISI BUKU IKI

Kaca :

1. Paugeran Kawitaning Dina lan Pasaran, kang dadi asal-usule Neptuning Dina lan Pasaran. . . . .	5
2. I. Petung Panca-Suda Asli. . . . .	9
3. II. Petung Panca-Suda ing Pawukon. . . . .	11
4. III. Petung Panca-Ringkes ( Rakam ). . . . .	13
5. Wataking Manusa, miturut Paarasan kalairane. . . . .	14
6. Neptuning Dina lan Pasaran sarta tibaning petung Panca-Suda I, II, lan III Panca-Ringkes sarta P = Paarasan. . . . .	16
7. Wataking Manusa, miturut Wuku kalairane iya iku wijining ciptane wong tuwane. . . . .	21
8. Tumindak ing Wuku Telung-puluh. . . . .	25
9. Wataking Manusa, miturut Aksara Sirahing Jeneng. . . . .	26
10. Wataking Manusa, miturut Dina kalairane. . . . .	29
11. Wataking Manusa, miturut Pasaran kalairane, Alamat ing kanugrahan utawa papa-sangsara. . . . .	29
12. Wataking Manusa, miturut Dina lan Pasaran kalairane. . . . .	30
13. Wataking Manusa miturut Palintangan, Pratelan kanggo pamilihing Lintang. Pepancene Lintang kang kena dipilih Lintang Rolas sarta watak-watake. . . . .	33
14. Wataking Manusa, miturut Tanggal Jawa kalairane. . . . .	40
15. Wataking Manusa, miturut Sasi kalairane. . . . .	42
16. Wataking Manusa, miturut Taunkalairane. . . . .	43
17. Wataking Manusa, miturut Masa kalairane. . . . .	44
18. Wataking Manusa, miturut Panca-Suda (seje rupa). . . . .	44
19. Wataking Manusa, miturut Firasat Imam Safi'i. . . . .	45
20. Wataking Manusa, miturut ukuran Luhuring Dedege. . . . .	50
21. Kadang Papat Kalima Pancer, sarta memulyane lan memetrine. . . . .	50
22. Kadang Papat Kalima Pancer, kuwasane dewe-dewe. . . . .	52
23. Kadang Papat Kalima Pancer, panangkising pangrencana ing dina Kiyamat — kita pribadi. . . . .	53
24. Slametan Weton, miturut Dina Pitu. . . . .	54
25. Na'as Nabi, Na'ase para Kanjeng Nabi wolu. . . . .	54
26. Sangaran Taun, Dina lan Pasaran kang dadi sangar ing dalem sataun-taune. . . . .	55
27. Panagan lan Sangaran Sasi, Jatingarang lan Rijal. . . . .	55
28. Isyarat yen Nemu Gawe, miturut Dina Pitu. . . . .	57
29. Sa'ate Baginda Ali, yen kala mangkat anglurug. . . . .	57
30. Sa'ate Nabi rinangkepan Sa'at Tatal. . . . .	59
31. Sa'at Nabi rinangkepan Sa'at Tatal (seje rupa). . . . .	60
32. Panguwasane Sa'at Nabi, kanggo samubarang gawe. . . . .	61
33. Karyane Dina Pitu, kanggo samubarang gawe. . . . .	62
34. Petung Barang Ilang, petung pitu. . . . .	65
35. Petung Barang Ilang, petung papat. . . . .	65

1 + 1

Antarane : 0 + 1 karo 1 + 2, iya iku antarane : "Wasesa-segara" karo "Satriya-wibawa", utawa antarane : "purba wasesaning budi" karo "Satriya kawasa mardika", tengah-tengahe dipralambanggi Tunggak-semi, tegese : wit urip nuwuhake urip, iya iku pakartining-budi nuwuhake budaya, iya saka babaring budaya iku kang bisa dadi jalaran nembadani gegayuhaning ngaurip ana ing 'alam donya iki.

1 + 2

1 = Ahad : kawitaning dina, uga kawitaning wuku, jumeneng purba, tegese : miwiti.

2 = Paing : kawitaning wuku (Sinta), jumeneng kawasa, tegese : wenang.

1 + 2 = Ahad Paing : kawitaning wuku Sinta, jumeneng kang kawasa.

1 + 2 = Kawitaning dina (purba) lan kawitaning wuku Sinta (kawasa), kumpule dadi : kang kawasa, dipralambanggi : Satriya-wibawa, tegese : Satriya kawasa mardika, iya iku kasembadaning gegayuhaning Satriya utawa ngaurip ana ing 'alam donya iki.

2 + 2

Antarane : 0 + 1 karo 1 + 2, iya iku antarane : "Satriya-wibawa" karo "Bumi-kapetak", utawa antarane : "Satriya kawasa mardika" karo "Wekasaning ngaurip anemahi pati", iya iku antarane : "kawasa" karo "apes", tengah-tengahe dipralambanggi : Satriya-wirang, tegese : Satriya nandang wirang, wiranging Satriya yen kongsi tumindak nista, mungguh ing atase Satriya, pilih anemahi pati tinimbang karo urip anandang wirang, ewadene sanadyan pilih anemahi pati, patining Satriya tetep ngrungkebi utama, mulane para Satriya utawa ngaurip kang wis luhur derajating kamanusane, pada tansah enggone marsudi marang kautaman, supaya sajroning urip ora nganti tumiba ing nista kang anjalari nandang wirang, nganti tumeka wekasaning urip anemahi pati, tetep mantep anggone ngrungkebi kautaman.

2 + 3

2 = Senen

3 = Pon.

2 + 3 = Senen Pon.

2 + 3 = Senen Pon Aryang Sinta, iku dina nuju Sampar wangke utawa Ringkel-jalma, tegese : apesing manusa, dipralambanggi : Bumi-kapetak, tegese : bumi kapendem, iya iku anasiring manusa kang asal saka bumi, dumadi badan wadag, yen wis tumeka we-wangene, badan wadag iku kapetak ing bumi, iya iku wekasaning ngaurip ana ing 'alam donya iki. Ananging mungguh ing jiwane,

kapriye ? Iya awit saka anane patakonan kang mangkono iku, kang banjur nuwuhake panggraitaning ngaurip sumedya ambabarake pangawikan.

3 + 3

Antarane : 2 + 3 karo 3 + 4, iya iku antarane : "Bumi-kapetak" karò "Laire Panca-Suda Asli", utawa antarane : "Wekasaning ngaurip anemahi pati" karo "Babaring pangawikan kang tuwuh saka purba-wasesaning budi", iya iku antarane : "tanpa tilas" karo "tilar-tilas", tengah-tengahe dipralambang : Lebu-katuyub-angin, tegese : tilasing ngaurip mung kaya bledug katut ing angin, tansah ngregedi papan kang suci. Sarehne ana pralambang kang surasane kaya mangkono, mulane para Sujana lan Sarjana utawa ngaurip kang wis luhur drajating kamanusane, pada tansah anggone marsudi marang pangawikan lan kautaman, supaya ngaurip tumekaning pati anaa tilase becik, netepi bebasan : patining sima atinggal carma, balik patining janma atilar asma, iya iku janma utama.

3 + 4.

3 = Selasa.

4 = Wage.

3 + 4 = Selasa Wage.

3 + 4 = Selasa Wage : kawitaning petung Panca-Suda Asli, iya iku babaring pangawikan kang tuwuh saka purba wasesaning budi, kang dadi mula-bukane ana petung Neptuning dina lan pasaran, kang banjur kanggo patokan metung petungane petung-petung sakalir, kang kelumrah tumindak ana ing nusa Jawa.

Dene tembung "Neptu" iku asale saka tembung 'Arab "Naptu", tegese : "Cecek", minangka tetengering wilangan.

Dek ing kunane, tetengering wilangan iku arupa cecek, upamane dina Selasa, iku yen kawilang saka dina kawitan, iya iku : Ahad : 1, Senen : 2, Selasa : 3, tinemuning wilangan dina Selasa iku tibadina kang kaping 3, tengere cecek telu (:.); dene pasaran Wage, iku yen kawilang saka pasaran kawitan, iya iku : Legi : 1, Paing : 2, Pon : 3, Wage : 4, tinemuning wilangan pasaran Wage iku tiba pasaran kang kaping 4, tengere cecek papat (::); dadi dina Selasa Wage tengere cecek utawa neptu ./::

Ana dene Neptuning dina lan pasaran, neptuning dina wiwit neptu 4 nganti tumeka 9, lan neptuning pasaran wiwit neptu 5 nganti tumeka neptu 9, iku tatanane ora katurutake saka kawitaning dina (Ahad) lan kawitaning pasaran (Legi), ananging muhung miturut purba wasesaning budine Sarjana kang nganggit petung Panca-Suda Asli, awewaton pangawikan 3 prakara, iya iku :

$$\begin{array}{l} 1. \text{ Dina pitu} \\ 2. \text{ Pasaran lima} \\ 3. \text{ Petung nem} \end{array} \quad \begin{array}{l} 7 \\ 5 \end{array} \left. \vphantom{\begin{array}{l} 1. \\ 2. \\ 3. \end{array}} \right\} \quad \begin{array}{l} 7 \times 5 = 35 \\ \hline 6 \end{array} \left. \vphantom{\begin{array}{l} 7 \\ 5 \end{array}} \right\} = 6, 6, 6, 6, 6, 5.$$

Kabage dadi 2 angkatan wilangan bali kawitan :

Wilangan 1	1 : Wasesa-sagara	$1 + 5 = 6$
Wilangan 2	2 : Tunggak - semi	$2 + 4 = 6$
Wilangan 3	3 : Satriya - wibawa	$2 + 3 = 5$
Wilangan 4	4 : Satriya - wirang	$3 + 3 = 6$
Wilangan 5	5 : Bumi - kapetak	$4 + 2 = 6$
Wilangan 6	6 : Lebu - katiyub - angin	$5 + 1 = 6$
		<u>35</u>

Katurutake dadi 12 wilangan, 7 tumeka 18 :

Wilangan 7	13 : Wasesa - sagara.
Wilangan 8	14 : Tunggak - semi.
Wilangan 9	15 : Satriya - wibawa.
Wilangan 10	16 : Satriya - wirang.
Wilangan 11	17 : Bumi - kapetak.
Wilangan 12	18 : Lebu - katiyub - angin.

Awit saka pamoring pangawikan 3 prakara iku, banjur dumadi petung Panca-Suda Asli, kang uga nglairake petung Neptuning dina lan pasaran kaya ing ngisor iki :

∴ Selasa                    ∴ Wage  
∴ Senen                    ∴ Legi  
∴ Ahad

Iya iku mula-bukane ana petung Neptuning dina lan pasaran, kang banjur kanggo metung petungane petung-petung sakalir, kang kalumrah ana ing nusa Jawa.

**Tinemu wewadine, saka pamarsudine**  
**R. TANOJO**  
**Surakarta, 15 Juli 1948.**

**Terange maneh banjur mariksanana :**

- I. Petung Panca-Suda Asli.
- II. Petung Panca-Suda ing Pawukon.
- III. Petung Panca-Ringkes (Rakam).

### 2.1. PETUNG-PANCA-SUDA ASLI

Keterangan	PAUGERAN Kawitan lan Neptuning dina pasaran			Kumpule dina lan pasaran	PETUNGANE PANCA-SUDA
Kawitaning dina lan pasaran	Sabtu	0 + 1	Legi	= 1	1. Wasesa-sagara
		1 + 1		= 2	2. Tunggak-semi
	Ahad	1 + 2	Paing	= 3	3. Satriya-wibawa
		2 + 2		= 4	4. Satriya-wirang
	Senen	2 + 3	Pon	= 5	5. Bumi-kapetak
		3 + 3		= 6	6. Lebu-katiyub-angin
Neptuning dina lan pasaran	Selasa	3 + 4	Wage	= 7	1. Wasesa-sagara
		x		= 8	2. Tunggak-semi
	Senen	4 + 5	Legi	= 9	3. Satriya-wibawa
		x		= 10	4. Satriya-wirang
	Ahad	5 + 6	( - )	= 11	5. Bumi-kapetak
		x		= 12	6. Lebu-katiyub-angin
	Jum'at	6 + 7	Pon	= 13	1. Wasesa-sagara
		x		= 14	2. Tunggak-semi
	Rebo	7 + 8	Kliwon	= 15	3. Satriya-wibawa
		x		= 16	4. Satriya-wirang
Kemis	8 + 9	Paing	= 17	5. Bumi-kapetak	
	9 + 9		= 18	6. Lebu-katiyub-angin	
	Sabtu	9 0			

### WATAKE PANCA-SUDA ASLI

1. Wasesa-sagara, watake : Jembar budine nanging cilik drajate.
2. Tunggak semi, watake : Becik atine, rejekine satitik.
3. Satriya-wibawa, watake : Ambeke luhur, nanging tan lana atine.
4. Satriya-wirang, watake : Kerep kasusahan, nanging kalising wisa, rahayu darbeke.

I. PETUNG PANCA-SUDA ASLI

Neptuning dina lan pasaran genep salapan						Neptuning dina                      pasaran	
Wage	Legi	5 -	Pon	Kli- won	Paing		
		Panca = 5 Suda = 0					
3 + 4	.....	.....	.....	.....	.....	3. Selasa	4. Wage
4 + 4	3 + 5	.....	.....	.....	.....	4. Senen	5. Legi
5 + 4	4 + 5	.....	.....	.....	.....	5. Ahad	
6 + 4	5 + 5	.....	3 + 7	.....	.....	6. Jum'at	7. Pon
7 + 4	6 + 5	5 -	4 + 7	3 + 8	.....	7. Rebo	8. Kliwon
8 + 4	7 + 5	.....	5 + 7	4 + 8	3 + 9	8. Kemis	9. Paing
9 + 4	8 + 5	.....	6 + 7	5 + 8	4 + 9	9. Sabtu	
.....	9 + 5	.....	7 + 7	6 + 8	5 + 9		
.....	.....	.....	8 + 7	7 + 8	6 + 9		
.....	.....	.....	9 + 7	8 + 8	7 + 9		
.....	.....	.....	.....	9 + 8	8 + 9		
.....	.....	.....	.....	.....	9 + 9		

5. Bumi-kapetak, watake : Becik atine, nanging petengan ati.
6. Lebu-katuyub-angin, watake : Mawut rusak, kerep susah, tur asor drajate. Kawitane petung Panca-Suda Asli iki, dadi mula-bukane ana petung Neptuning dina lan pasaran, kang banjur kanggo patokan metung petungane petung-petung sakalir, kang kelumrah tumindak ana ing nusa Jawa.

3. II PETUNG PANCA-SUDA ING PAWUKON

Katerangan	PAUGERAN Kawitan lan Neptuning dina pasaran			Kumpule dina lan pasaran	PETUNGANE PANCA-SUDA ING PAWUKON
Kawitaning dina lan pasaran	Sabtu	0 + 1	Legi	= 1	1. Wasesa-sagara
		1 + 1		= 2	2. Tunggak-semi
	Ahad	1 + 2	Paing	= 3	3. Satriya-wibawa
		2 + 2		= 4	4. Sumur-sinaba
	Senen	2 + 3	Pon	= 5	5. Satriya-wirang
		3 + 3		= 6	6. Bumi-kapetak
Neptuning dina lan pasaran	Selasa	3 + 4	Wage	= 7	7. Lebu-katiyub-angin
		x		= 8	1. Wasesa-sagara
	Senen	4 + 5	Legi	= 9	2. Tunggak-semi
		x		= 10	3. Satriya-wibawa
	Kemis	5 + 6	( - )	= 11	4. Sumur-sinaba
		x		= 12	5. Satriya-wirang
	Ahad Rebo	6 + 7	Pon	= 13	6. Bumi-kapetak
		x		= 14	7. Lebu-katiyub-angin
	Jum'at	7 + 8	Kliwon	= 15	1. Wasesa-sagara
		x		= 16	2. Tunggak-semi
	Sabtu	8 + 9	Paing	= 17	3. Satriya-wibawa

WATAKE PANCA-SUDA ING PAWUKON

1. Wasesa-sagara, watake : sugih ngapura, jembar budine, gede prabawane.
2. Tunggak-semi, watake : Demen garejegan, nadyan pinapas adreng.
3. Satriya-wibawa, watake : oleh kamuk ten, lan kawibawan.
4. Sumur-sinaba, watake : Dadi pangungsen, balaba ing donyane.

II. PETUNG PANCA-SUDA ING PAWUKON.

Neptuning dina lan pasaran ganep selapan						Neptuning dina pasaran	
Wage	Legi	5 -	Pon	Kliwon	Paing		
		Panca = 5 Suda = 0					
3 + 4	.....	.....	.....	.....	.....	3. Selasa	4. Wage
4 + 4	3 + 5	.....	.....	.....	.....	4. Senen	5. Legi
5 + 4	4 + 5	.....	.....	.....	.....	5. Kemis	
(6)						Ahad	
(6) + 4	5 + 5	.....	3 + 7	.....	.....	6. Rebo	7. Pon
7 + 4	(6) (6) + 5	5 -	4 + 7	3 + 8	.....	7. Jum'at	8. Kliwon
8 + 4	7 + 5	.....	5 + 7	4 + 8	4 + 9	8. Sabtu	9. Paing
.....	8 + 5	.....	(6) (6) + 7	5 + 8	5 + 9		
.....	.....	.....	7 + 7	(6) (6) + 8	3 + 9		
.....	.....	.....	8 + 7	7 + 8	(6) (6) + 9		
.....	.....	.....	.....	8 + 8	7 + 9		
.....	.....	.....	.....	.....	8 + 9		

5. Satriya-wirang, watake : Kerep kalingseman, nadyan budi kang becik dadi ala.
6. Bumi-kapetak, watake : Betahan, taberi barang gawe, mantep lara lapa.
7. Lebu-katiyub-angin, watake : Mlaratan, tan jenakan.

Dumadine ana petung Panca-Suda ing Pawukon iki, owah-owahan saka petung Panca-Suda Asli, dene kanggone mung kamatonake dadi kantine Pawukon bae.



### WATAKE PANCA - RINGKES (RAKAM)

1. Nuju-padu, ala.
2. Kala-tinantang, ala.
3. Sanggar-waringin, becik, watak bisa ngayomi wangsane.
4. Mantri-sinaroja, becik dene mantri ganep.
5. Macan-katawan, sedeng, watak keringan.
6. Nuju-pati, ala.

### KANGGONE PANCA - RINGKES (RAKAM)

1. Nuju-padu, ngedegna : Pawon.
2. Kala-tinantang, ngedegna : Kandang lan gedogan.
3. Sanggar-waringin, ngedegna : Masjid lan pamelengan.
4. Mantri-sinaroja, ngedegna : omah mburi.
5. Macan-ketawan, ngedegna : Pandapa lan regol.
6. Nuju-pati, gaweya : Pager bumi lan jabung.

#### **Kanggo nikahan.**

Manawa kanggo nikahan uga kena, nanging miliha : Sanggar-waringin, utawa : Mantri sinaroja.

Mungguh watake :

Sanggar-waringin : pandang atine, lan karem marang ngelmu.

Mantri-sinaroja: ora kurang sandang pangan, yen manggaota pakoleh, lan sugih anak.

Dumadine ana petung Panca-Ringkes (Rakam) iki, asal saka pepiridan lan besutan saka kahanane petung Panca-Suda Asli lan petung Panca-Suda ing Pawukon, kawangun ringkes.

### 5. WATAKING MANUNGSA MITURUT PAARASAN KALAIRANE

Petung Paarasan iku awewaton saka kumpule Neptuning dinalan pasaran (miturut petung Panca-Suda Asli). Manawa kumpule Neptu tinemu :

7. Lakuning Bumi.
8. Lakuning Geni.
9. Aras-Peksi utawa Lakuning angin.
10. Aras-Pepet utawa Lakuning Pandita Sakti.
11. Aras-Tuding utawa Lakuning Syetan.
12. Aras-Kembang utawa Lakuning Jejodon.
13. Lakuning Lintang.
14. Lakuning Rembulan.
15. Lakuning Srengenge.
16. Lakuning Banyu.

17. Lakuning Bumi Gède.
18. Lakuning Geni Gede.

Dene watak-watake kapratelakake ing ngisor iki.

7. Lakuning Bumi, bayi lair watake : anem meneng, cugetan ati, tan darbe sanak, tur ketul pikire wong iku, rada kanggonan demen sembrana lan wong estri.

8. Lakuning Geni, bayi lair watake : panas baranan, ambangun prang, panasten, drengki, akeh kang pinragut, yen wadon sok anggung gawe bilahi.

9. Aras-Peksi utawa Lakuning Angin, bayi lair watake : meneng, mandita, omah-omah anggung alihan, demen ginunggung, nanging yen duwe japa orang mandi, mulane teranjalan nora jenjem budine.

10. Aras-Pepet utawa Lakuning Pandita Sakti, bayi lair watake : meneng, anggitan, yen winuruk nuli bisa, jero nepsune, sok kena tonakonan, bisa menyang padukunan, pamuwuse sok umuk wong iku jenenge misuwur lantaran sastra.

11. Aras-Tuding utawa Lakuning Syetan, bayi lair watake : wani angambah ing wengi, kendel, lan duwe dandanan kudu den dol kewala, lan calimut, melik marang duweke tangga.

12. Aras-Kembang, utawa Lakuning Jejodon, bayi lair watake : tan derman lare punika, lan akeh sanake, linulutan marang jalma jalu lan estri, gampang lamun nggraita lan manggaota, nanging lamun omah omah (laki-rabi, tegese duwe bojo).

13. Lakuning Lintang, bayi lair watake : meneng, lembah manah, nanging tan darbe sadulur, tan duwe nepsu, lan betah melek lamun wengi, adol basane takdire dagang, yen duwe karep tankena dipalangi.

14. Lakuning Rembulan, bayi lair watake : sabarang pangaweyan bangkit, lan sedela bisa mukti, yen winuruk gelis bisa, linulutan marang janma, ajembar budine, nanging sungkanan lan nora sugih.

15. Lakuning Srengenge, bayi lair watake : pamicarane manis, lan akeh ma'lume, asor yen aduwe padu, barang (apa-apa) kacipta, yen mangan tan kena ingaweran, kalebu cacad.

16. Lakuning Banyu, bayi lair watake : ing tembe lare punika sok parentah samining jalma, keras budine lan padune ika, nora gelem yen kurang mangan, jembar polatane yen omah-omah (laki-rabi) nanggung tukaran, lamun tan jodo jinawi.

17. Lakuning Bumi Gede, bayi lair watake : yen manggaota sok niwasi, rendah pangucap, yen tutur sok wurung sok ngekul padaning jalma, mula tan duwe sanak, nanging kandane yekti nyata.

18. Lakuning Geni Gede, bayi lair watake : panas baranan, ketuke angliwati, clatune ukur menga, ora nyawang polataning wong, juwet guyune, yen nepsu ora lana, padune wong jireh.

6. NEPTUNING DINA LAN PASARAN SARTA  
TIBANING PETUNG

PANCA – SUDA I, II lan III = PANCA – RINGKES  
SARTA P = PAARASAN

Kanggone petung-petung iki :

- I. Panca-Suda Asli.  
Kanggo metung sabarang karep.
- P. Paarasan,  
Kanggo metung kalairan.
- II. Panca-Suda ing Pawukon,  
mung kanggo metung kalairan bae.
- III. Panca-Ringkes (Rakam),  
kanggo metung kalairan, ngedegake omah lan nikahan.

DINA PASARAN		NAPTU			TIBANING PETUNG
		Dina	Pasaran	Gyunggung	
Ahad	Paing	5	9	14	I. Tunggak-semi.
		5	9	14	P. Lakuning Rembulan
		6	9	15	II. Wasesa-segara
Senen	Pon	3	3	6	III. Nuju-pati.
		4	7	11	I. Bumi-kapetak.
		4	7	11	P. Aras-tuding.
		4	7	11	II. Sumur-sinaba.
Selasa	Wage	4	4	8	III. Kala-tinantang.
		3	4	7	I. Wasesa-segara.
		3	4	7	P. Lakuning-Bumi
		3	4	7	II. Lebu-katiyub-angin
Rebo	Kliwon	5	5	10	III. Mantri-sinaroja.
		7	8	15	I. Satriya Wibawa
		7	8	15	P. Lakuning Srengenge.
		6	8	14	II. Lebu-katiyub-angin
		6	1	7	III. Nuju-padu

DINA PASARAN		NAPTU			TIBANING PETUNG
		Dina	Pasaran	Gunggung	I. Panca-Suda' Asli P. Paarasan. II. Panca-Suda ing Pawukon. III. Panca-Ringkes (Rakam)
Kemis	Legi	8	5	13	I. Wasesa-segara.
		8	5	13	P. Lakuning Lintang
		5	5	10	II. Satriya-wibawa.
Jum'at	Paing	7	2	9	III. Sanggar-waringin.
		6	9	15	I. Satriya-wibawa
		5	9	15	P. Lakuning Srengenge.
Sabtu	Pon	7	9	16	II. Tunggak-semi
		1	3	4	III. Mantri-sinaroja.
		9	7	16	I. Satriya-wirang . . . .
Ahad	Wage	9	7	16	-P. Lakuning Banyu
		8	7	15	II. Wasesa-segara.
		2	4	6	III. Nuju-pati
Senen	Kliwon	5	4	9	I. Satriya-wibawa.
		5	4	9	P. Aras-peksi.
		6	4	10	II. Satriya-wibawa.
Selasa	Legi	3	5	8	III. Kala-tinantang.
		4	8	12	I. Lebu-katiyub-angin.
		4	8	12	P. Aras-Kembang.
Rebo	Paing	4	8	12	II. Satriya-wirang.
		4	1	5	III. Macan katawan.
		3	5	8	I. Tunggak-semi.
Kemis	Pon	3	5	8	P. Lakuning geni.
		3	5	8	II. Wasesa-segara.
		5	2	7	III. Nuju-padu.
Kemis	Pon	7	9	16	I. Satriya-wirang.
		7	9	16	P. Lakuning Banyu
		6	9	15	II. Wasesa-sagara.
Kemis	Pon	6	3	9	III. Sanggar-waringin.
		8	7	15	I. Satriya-wibawa.
		8	7	15	P. Lakuning Srengenge.
Kemis	Pon	5	7	12	II. Satriya-wirang.
		7	4	11	III. Macan katawan

DINA PASARAN		NAPTU			TIBANING PETUNG
		Dina	Pasaran	Gunggung	I. Panca-Suda Asli. P. Paarasan. II. Panca-Suda ing Pawukon. III. Panca-Ringkes (Rakam)
Jum'at	Wage	6	4	10	I. Satriya-wirang
		6	4	10	P. Aras-Pepet
		7	4	11	II. Sumur-sinaba
Sabtu	Kliwon	1	5	6	III. Nuju-pati
		9	8	17	I. Bumi-kapetak
		9	8	17	P. Lakuning Bumi Gede
		8	8	16	II. Tunggak semi
Ahad	Legi	2	1	3	III. Sanggar-waringin
		5	5	10	I. Satriya wirang
		5	5	10	P. Aras Pepet
		6	5	11	II. Sumur-sinaba
Senen	Paing	3	2	5	III. Macan katawan
		4	9	13	I. Wasesa segara
		4	9	13	P. Lakuning lintang
		4	9	13	II. Bumi kapetak
Selasa	Pon	4	3	7	III. Nuju-padu
		3	7	10	I. Satriya wirang
		3	7	10	P. Aras Pepet
		3	7	10	II. Satriya-wibawa
Rebo	Wage	5	4	9	III. Sanggar-waringin
		7	4	11	I. Bumi-kapetak
		7	4	11	P. Aras Tuding
		6	4	10	II. Satriya wibawa
Kemis	Kliwon	6	5	11	III. Macan katawan
		8	8	16	I. Satriya wirang
		8	8	16	P. Lakuning Banyu
		5	8	13	II. Bumi kapetak
Jum'at	Legi	7	1	8	III. Kala-tinantang
		6	5	11	I. Bumi kapetak
		6	5	11	P. Aras Tuding
		7	5	12	II. Satriya wirang
		1	2	3	III. Sanggar-waringin

DINA PASARAN		NAPTU			TIBANING PETUNG
		Dina	Pasaran	Gunggung	I. Panca-Suda Asli . P. Paarasan. II. Panca-Suda ing Pawukon. III. Panca-Ringkes (Rakam).
Sabtu	Paing	9	9	18	I. Lebu-katiyub-angin
		9	9	18	P. Lakuning geni gede
		8	9	17	II. Satriya wibawa
Ahad	Pon	2	3	5	III. Macan katawan
		5	7	12	I. Lebu-katiyub-angin
		5	7	12	P. Aras Kembang
Senen	Wage	6	7	13	II. Bumi kapetak
		3	4	7	III. Nuju padu
		4	4	8	I. Tunggak semi
Selasa	Kliwon	4	4	8	P. Lakuning geni
		4	4	8	II. Wasesa sagara
		4	5	9	III. Sanggar Waringin
Rebo	Legi	3	8	11	I. Bumi kapetak
		3	8	11	P. Aras Tuding
		3	8	11	II. Sumur sinaba
Kemis	Paing	5	1	6	III. Nuju pati
		7	5	12	I. Lebu-katiyub-angin.
		7	5	12	P. Aras Kembang
Jum'at	Pon	6	5	11	II. Sumur sinaba
		6	2	8	III. Kala tinantang
		8	9	17	I. Bumi kapetak
Sabtu	Wage	8	9	17	P. Lakuning Bumi Gede
		5	9	14	II. Lebu-katiyub-angin
		7	3	10	III. Mantri sinaroja
Sabtu	Wage	6	7	13	I. Wasesa sagara
		6	7	13	P. Lakuning lintang
		7	7	14	II. Lebu-katiyub-angin
Sabtu	Wage	1	4	5	III. Macan katawan
		9	4	13	I. Wasesa sagara
		9	4	13	P. Lakuning Lintang
Sabtu	Wage	8	4	12	II. Satriya Wirang
		2	5	7	III. Nuju Pati

DINA PASARAN		NAPTU			TIBANING PETUNG
		Dina	Pasaran	Gunggung	I. Panca-Suda Asli. P. Paaran. II. Panca-Suda ing Pawukon. III. Panca-Ringkes (Rakam).
Ahad	Kliwon	5	8	13	I. Wasesa sagara
		5	8	13	P. Lakuning Lintang
		6	8	14	II. Lebu katiyub angin
Senien	Legi	3	1	4	III. Mantri sinaroja
		4	5	9	I. Satriya wibawa
		4	5	9	P. Aras Peksi
		4	5	9	II. Tunggak semi
Selasa	Paing	4	2	6	III. Nuju pati
		3	9	12	I. Lebu katiyub angin
		3	9	12	P. Aras kembang
		3	9	12	II. Satriya wirang
Rebo	Pon	5	3	8	III. Kala tinantang
		7	7	14	I. Tunggak semi
		7	7	14	P. Lakuning Rembulan
		6	7	13	II. Bumi kapetak
Kemis	Wage	6	4	10	III. Mantri sinaroja
		8	4	12	I. Lebu katiyub angin
		8	4	12	P. Aras kembang
		5	4	9	II. Tunggak semi
Jum'at	Kliwon	7	5	12	III. Nuju pati
		6	8	14	I. Tunggak semi
		6	8	14	P. Lakuning Rembulan
Sabtu	Legi	7	8	15	II. Wasesa sagara
		1	1	2	III. Kala tinantang
		9	5	14	I. Tunggak semi
		9	5	14	P. Lakuning Rembulan
		8	5	13	II. Bumi kapetak
		2	2	4	III. Mantri sinaroja

## 7. WATAKING MANUSA MITURUT WUKU KALAIRANE IYA IKU WIJNING CIPTANE WONG TUWANE

1. **Wuku Sinta.** Candrane : Endra nastapa, watake gede prihatine, nanging gede piyangkuhe, karem marang laku kapanditan.

Lambange : Patining wong awig. Bilahine : setengah tuwuh tan dreman. Murih rahayu slamet sidekahe : gedang saba kang suluh satundun, lan sakehing ares-aresan (pala pendem, gumantung, kasimpar), tindih 21 picis.

2. **Wuku Landep.** Candrane : Surating raditya, watake engetan, padangan aten, bangkit samubarang gawe, lan bisa madangi tyasing sesama.

Lambange : Mina pringga pejah. Bilahine : karubuhan kayu. Murih rahayu slamet sidekahe : maja 30 iji, lan ares-aresan, tindih 4 picis.

3. **Wuku Wukir.** Candrane : Gunung katon, watake yen tinom saka kadohan asri kawuryan, nanging yen cinedakan ala lan sungil, yen janmaa watake gampang ing njaba, angel ing njero, nanging pradah boja-kramane, lila ing ati, lan mateng kawignyane.

Lambange : Sato wana lesu. Bilahine : kinaniaya. Murih rahayu slamet sidekahe : klapa satabone 4 glüntung, lan ares-aresan tindih 5 picis.

4. **Wuku Kurantil.** Candrane : Woh-wohan, watake gek lebar gek ungsun, yen janmaa watake gek sugih gek mlarat.

Lambange : Dandang angurag. Bilahine : memenek. Murih rahayu slamet sidekahe : nanas sakuncunge 7 iji, lan ares-aresan, tindih 7 picis.

5. **Wuku Tolu.** Candrane : Kekuwung lan lengkawa, watake angkuh tan langgeng tur madidig, remen doracara.

Lambange : Pasareyan sakehing wuku. Bilahine : kasiyung. Murih rahayu slamet sidekahe : semangka wutuhan 7 iji, lan ares-aresan , tindih 3 picis.

6. **Wuku Gumbreg.** Candrane : Geter pater, watake : sugih ngelmu akeh kojahe, nanging datan wruh wekasane, wicarane anungsung ngelmu, kuciwa tan waton tetannya.

Lambange : Patining wreksa. Bilahine : kablabak. Murih rahayu slamet sidekahe : beneman gembili 10 iji, lan ares-aresan, tindih 4 picis.

7. **Wuku Warigalit.** Candrane : Kayu kamladeyan, watake : saenggon-enggon bisa dadi, nanging cacade nora lana.

Lambange : jalma mati. Bilahine : kembet. Murih rahayu slamet sidekahe : gedang garaita kang suluh satundun, lan ares-aresan tindih 4 picis.

8. **Wuku Warigagung.** Candrane : Ketuk lindu, watake abot sesanggane ing wekasan, dening guna datan katara, nanging linyok sajroning ati.

Lambange : Mina lodan mati. Bilahine : kabendon. Murih rahayu slamet sidekahe : uwi ingedang wewutuhan, lan ares-aresan, tindih 5 picis.

9. **Wuku Julungwangi.** Candrane : Kembang, watake wangi arum manis wicarane, nanging sajroning ati amrih dudu.

Lambange : Banteng lumpuh. Bilahine : tinebak ing macan. Murih rahayu slamet sidekahe : duren 7 gluntung, lan ares-aresan, tindih kucing.

10. **Wuku Sungsang.** Candrane : Kembang wora wari bang, watake gede nepsune, nanging kena pinalangan.

Lambange : Jaka wuru tiba. Bilahine : kawesen. Murih rahayu slamet sidekahe : Jagung 40 ontong lan ares-aresan, tindih 10 picis.

11. **Wuku Galungan.** Candrane : Peksi aneng luhur, watake anenungkul enggone anjupuk asil, atutup goragoda.

Lambange : Pring anggagar. Bilahine : atetukaran. Murih rahayu slamet sidekahe : jeruk gede 4 glundung, lan ares-aresan, tindih 9 picis.

12. **Wuku Kuningan.** Candrane : Garojogan, watake akeh gorohé, rame wicarane, yen ditunjel nora bisa.

Lambange : Lata parutul. Bilahine : kaamuk. Murih rahayu slamet sidekahe : gedang emas satundun, lan ares-aresan, tindih 6 picis.

13. **Wuku Langkir.** Candrane : Gunung gumaludug, watake wicarane teka nyilikake ati, nanging ora ngapaa.

Lambange : Lare anda wani. Bilahine : kadurjanan lan tetukaran. Murih rahayu slamet sidekahe : benda 6 glintir, lan ares-aresan, tindih 6 picis.

14. **Wuku Mandasiya.** Candrane : Watu item munggeng papreman, lan wreksa gung jero pancere, watake luwih sabar, nanging yen metu nepsune anemeni.

Lambange : Mina tinilaring warih. Bilahine : kena ing siyung. Murih rahayu slamet sidekahe : jambu klutuk 100 biji, lan ares-aresan, tindih 10 picis.

15. **Wuku Julungpujud.** Candrane : Baita aneng lautan, watake ngalor ngidul ngetan ngulon enggone ngupaya pangan, mulane datan kekurangan rejeki.

Lambange : Tumurune Sapi Gumarang, akeh lara sambang rimpung. Bilahine : kateluh lan kataragnyana. Murih rahayu slamet sidekahe : gedang becici satundun kang suluh, lan ares-aresan, tindih 6 picis.

16 **Wuku Pahang.** Candrane : Pulo katon saking katebihan, watake suci ing njaba, nanging ing dalem kalbu anggung prihatin.

Lambange : akeh manuk kena. Bilahine : kinaniaya. Murih rahayu slamet sidekahe : jambu klampok 100 iji, lan ares-aresan, tindih 7 picis.

17. **Wuku Kuruwelut.** Candrane : Banyu banjir agung, watake

wicarane kaya-kayaa bisa andadalake, nanging temahane tan teyeng wigati, malah anggegawa kang akeh-akeh.

Lambange : Kapas agring. Bilahine : susah lan kinaniaya, utawa kena ing sanjata. Murih rahayu slamet sidekahe : tebu ireng 4 lonjor, lan ares-aresan, tindih 6 picis.

18. Wuku Marakeh. Candrane : Kembang setaman sinengkeran, watake kumet wicara arum, yen den tunjel ing pikir becik, banjur anjalomprongake uwong amrih dudune.

Lambange : Ron asempal. Bilahine : kabalabak. Murih rahayu slamet sidekahe : kemiri 100 iji, lan ares-aresan, tindih 100 picis.

19. Wuku Tambir. Candrane : Gajah meta aneng pugeran, watake gede prabawane.

Lambange : Sarira lesu. Bilahine : kena ing pasangan. Murih rahayu slamet sidekahe : timun watang 25 iji, lan ares-aresan, tindih dom 100 iji lan pangot waja sarakit.

20. Wuku Medangkungan. Candrane : Brekutut mencok pucaking aldaka, watake nistane yen tapa ing gunung tan sokuran atine tansah ngandut rerenggi.

Lambange : Baya ngurag. Bilahine : kasudukan. Murih rahayu slamet sidekahe : klayu satampah, lan ares-aresan, 10 picis.

21. Wuku Maktal. Candrane : Gunung guntur, watake wicarane siya-siya sapada-pada, becik ati yen wis tuwa.

Lambange : Macan alupa. Bilahine : tetukaran. Murih rahayu slamet sidekahe : manggis 30 iji, lan ares-aresan, tindih 6 picis.

22. Wuku Wuye. Candrane : Bedil muni kukus awor lan nal, watake aten-atene pakewuh, tanpa dadi enggone prang pamikir.

Lambange : Pasangane manuk. Bilahine : kateluh lan kataragnyana. Murih rahayu slamet sidekahe : kacang dundungan 6 tekem, lan ares-aresan, tindih 7 picis.

23. Wuku Manahil. Candrane : Lintang awor lan mendung, watake amencira marang pakaryaning ratu, cat katon uga ora, tegese sok sregep uga sok kesed.

Lambange : wiji kapapas. Bilahine : kawesen. Murih rahayu slamet sidekahe : kapundung satampah, lan ares-aresan, tindih 9 picis.

24. Wuku Prangbakat. Candrane : Wesi katen purasani, watake isinan puguh kaku, dreman ngelmu atine suci.

Lambange : Kayu waringin sempal dening aliwawar. Bilahine : memenek. Murih rahayu slamet sidekahe : rambutan satampah, lan ares-aresan, tindih wesi gligen.

25. Wuku Bala. Candrane : Udan salah masa, watake salang candak enggone ngupaya pangan, sakit kasurang-surang.

Lambange : Pandita angluh. Bilahine : kateluh lan kena upas.

Murih rahayu slamet sidekahe : kara satampah, lan ares-aresan, tindih 7 picis.

26. Wuku Wugu. Candrane : Awang-uwung, watake jembar budine ing kawekasane.

Lambange : Kaluyu kerah, patine pada rowang. Bilahine : kacuwik ing ula. Murih rahayu slamet sidekahe : kimpul satampah, lan ares-aresan tindih 10 picis.

27. Wuku Wayang. Candrane : Damar murub aneng bumi langit, watake juwana lan sugih ngelmu.

Lambange : mega kang lumaku, patine andaka wana, Bilahine kacidra. Murih rahayu slamet sidekahe : pelem kang manis-manis satampah, lan ares-aresan, tindih 8 picis.

28. Wuku Kulawu. Candrane : Bun tumetes ing sendang. Watake kawitan miskin wekasan dadi sugih.

Lambange : Peksi dewata kumpul. Bilahine : keneng wisaya. Murih rahayu slamet sidekahe : waluh 2 iji ingedang ing njero ginulan, lan ares-aresan, tindih 4 picis.

29. Wuku Dukut. Candrane : Tunggul asri sengkeraning ratu. watake yen mungguh janmaa bagus warnane, lan agemi prawireng lungid, kuciwane wedi lan isin ing paprangan.

Lambange : Kitri kang tinata. Bilahine : kutah getih ana satengahing payudan. Murih rahayu slamet sidekahe : pare welut wewutuhan kinulub satampah, lan ares-aresan, tindih 6 picis.

30. Wuku Watugunung. Candrane : Lintang lan wulan karahinan, watake sinung terang jroning tyas.

Lambange : Patining wreksa Narendra, apagera njaba. Bilahine : kinaniaya. Murih rahayu slamet sidekahe : gedang raja kang suluh satundun, lan gedang gabu satundun, lan mundu kang kuning satampah, miwah ares-aresan kang pepak kabeh pala pendem gumantung kasimpar, tindih satak sawe.

### 8. TUMINDAKING WUKU TELUNG—PULUH.

Suwiji-wiji wuku iku tumindak ing dalem 7 dina, Ahad nganti tumeka Sabtu. Wiwitaning wuku Sinta, tumindak wiwit dina Ahad Paing nganti tumeka Sabtu Pon, sabanjure kapratelakake ing ngisor iki. Ana dene bebarengane karo lakuning tanggal sasi taun lan windu, bakal katerangake gambelane ing bagyan buri.

Wiwit Ahad Paing tumeka Sabtu Pon	Wiwit Ahad Wage tumeka Sabtu Kliwon	Wiwit Ahad Legi tumeka Sabtu Paing	Wiwit Ahad Pon tumeka Sabtu Wage	Wiwit Ahad Kliwon tumeka Sabtu Legi
1. Sinta	2. Landep	3. Wukir	4. Kurantil	5. Tolu
6. Gumbreg	7. Warigalit	8. Warigagung	9. Julung Wangi	10. Sungsang
11. Galungan	12. Kuningan	13. Langkir	14. Mandasiyu	15. Julung Pujud
16. Pahang	17. Kuruwelut	18. Marakeh	19. Tambir	20. Medangkungan
21. Maktal	22. Wuye	23. Manahil	24. Prungbakat	25. Bala
26. Wugu	27. Wayang	28. Kulawu	29. Dukut	30. Watugunung

## 9. WATAKING MANUSA MITURUT AKSARA SIRAHING JENENG

Iki kang ingaran Endraswara, kang sinebut-sebut ing wong, saka jenenge cilik, iku angangsari marang pikir dadi wataking wong saka jenenge cilik mau, mula dipada milih wataking aksara kang becik kanggo jeneng, iku kaetrapna kanggo sirahing jeneng upamane aksara Sa, iku banjur kaetrapake kanggo sirahing jeneng : Sujana, Sarjana, Subekti, Suwarni, Syayid, Sa'adah, lan liya-liyane sapanunggalane maneh, utama yen nganggo karujukake karo wiji-wijining ciptane wong tuwane (wuku), apa dene kapakolehake karo Palintangane, sarta Pancasudane. (Petung Palintangan bakal katerangake ing mburi).

Ha. Akch wiraganing wong, bremara anglentreh, kentir dening maruta. Manawa wong jeneng aksara Ha, ikut watake tan kena kaungkulan budi, tan kena pinoyokan, yen kabeneran lilan, yen nepsu kaya denawa, tanpa kering, wani lampus, iku prayoga.

Na. Nangling sang wireng munggeng yuda, sura menempuh matyeng laga. Yen wong jeneng aksara Na, iku yen angucap kaduk wani, ngatokake ing nepsune, tan kena ingampah sapadaning wong lan para deduwurane wani lampus barang pikire ika.

Ca. Catur parangmuka tumempuh kadya tan kalok ing panancang. Yen wong jeneng aksara Ca, iku lamun estri cendala, kumedep marang wong lanang, aparentah purun, rumaket maring sanak, ora kena saru maring sanak, yen aluput wani nyaru, pada sapangarepane kang luput mau.

Ra. Rata sempal kedekan jagade kentir gumuruh. Watake wong jeneng aksara Ra, iku pinter ririh putungan aten, yen nepsu gelis lejare, sembrana parikena, para lucu nora nyenyengit, bisa manis pamicarane, juweh ing pamikire.

Ka. Kongkang muninya mangeleng, kadya pamrih kiwul. Watake wong jeneng aksara Ka, iku ladak peksa ririh luwih yen den umpak, mucu-mucu kaya wudun meh macotot, lan para wadulan-sabarang bangsa pikir, lan cengkre padu.

Da. Daliwara liweran munggeng rana, kang turangga tumameng yuda, nempuh sura matyeng ngalaga. Watake wong jeneng aksara Da, iku eseman yen anging, bebudene momot, gegatokane madon, lugune-raben pikir.

Ta. Tawang pandita mumbul ngawiyat. Watake wong jeneng aksara Ta, iku nawang-nawangake pikir, lan wasising ati cecegan pangucap, ora kena ujar luput, kudu amaoni, titine layang Endraswara iki.

Sa. Satmata tanggal sapisan, saliring kawi sreping kadaton. Watake

wong jeneng aksara Sa, wasis sabarang kardi, lembut budine, madya kuwanene, lemes bisa kaku bisa, saking adoh manis, yen celak kaku pikire iku.

Wa. Wukir malela kadi cemara sewu wuluh gading. Watake wong jeneng aksara Wa, angkuh nyenyengit pangucap, lan kawonan, trekadang kawongan macan, yen memitra nora lana, tani buteng kaku pikirane, yen rujuk wetone sasi.

La. Liweran mati salira, tangkepnya mamrih angkuh, tejanya makuwung. Watake wong jeneng aksara La, iku duwe kaku yen asesanakan, ora lana ana pangarahe, yen nepsu lir denawa, carobo pepikirane, lan para pangan carobo.

Pa. Punggeling kang buron ranu amangsa gundik. Watake wong jeneng aksara Pa, iku cugetan aten, tan kawetu ora lana, yen wong wadon larang anak, pikire carobo murang sarak, busuk ngaku pinter, luput maring biyung wekasane ala tobata.

Da. Da guna lena anguwuh ing banyu, ontrag tenaganira. Watake wong jeneng aksara Da, iku susahan aten, guna ririh pangarep sabar, yen wus putus ora bisa pulih pikire, namung akas adangan marang pagaweyan, nora pilih gawe maju pikir.

Ja. Jaliwara sang narpati manah sarira, amengkul kekudunging teja lan tatit. Watake wong jeneng aksara Ja, alembut budine, anawang dene kagungan, ingkang sikir kendel regu ambeke, aniteni sabarang ingkang ala becik.

Ya. Ya giri amenggaha miliha atine, tansah kewuhan. Watake wong jeneng aksara Ya, iku anglengus goragoda, susahan aten, yen weweh sok masgul, anganggo wicara saru, yen wong wadon luwih ala.

Nya. Nya gede menggah mungguha, katah ewaning ati. Watake wong jeneng aksara Nya, iku gumingsir gumisa kumawi micara, batine bodo cupet pikire, lamba kurang duganing praja, trekadang calimut, doyan mangan tur imul.

Ma. Ma gelunging jagad kadi dedaren ngayap, sami manembah. Watake wong jeneng aksara Ma, gede atine jembar budine, mantep ing pakewuh ora gumingsir yen prayayi kumawawa, pangrasa jagad ginulung kabeh, kaya ginegem pangrasane.

Ga. Gajah gading kagiri-giri, matreping ngalaga pamukira. Watake wong jeneng aksara Ga, iku kageden aten, sugih napsu barangasan, nanging gelis lejure, loma boja rongeh pikir, yen rabi kudu lola salah sawiji, bapa biyunge lan ana cacade.


Ba. Binuncang parang rejeng, dinutu andaleming pinaran ambayani. Watake wong jeneng aksara Ba, iku yen wong wadon gedhen ati, yen ala kaliwat alane, sinawang sri-gunung, saking tebih sac, cinelakan ala keh cacade, luwih ala pikire.

Ta. Tatit mandra-guna nguwuh kalbunya tan kewran. Watake wong jeneng aksara Ta, iku bodo nanging elingan, yen pinter munggah umpakan sajatine busuk atine iku, rada murang sarak marang wong tuwane, lanang wadona ala pikire.

Nga. Ngongkang kadya cemara gigis, kewraning galih. Watake wong jeneng aksara Nga, iku iya bodo nanging elingan, sejatine kotong, lan nduweni pikir butarepan, marang bojo, marang panganan iku murka saen, iku wong ala.

### CARAKAN JAWA 20

Angka-uruting carakan Jawa, lan Neptune, sarta Panggonane.  
Apa dene Neptuning Rina, Wengi, lan Bocah.

	6 Ma 16	1 Ga 17	1 Ba 18	3 Ta 19	1 Nga 20			
3 Nya 15	Lor					1 Ha 5		
10 Ya 14						2 Na 4		
3 Ja 13						Kulon	Wetan	3 Ca 3
4 Da 12								4 Ra 3
1 Pa 11								5 Ka 3
						10 La 5	9 Wa 7	8 Sa 2
			Kidul					

Neptuning Rina 9. Neptuning Wengi 10. Neptuning Bocah 16.

## 10. WATAKE MANUSA MITURUT DINA KALAIRANE.

1. Ahad. Wong kang lair ing dina Ahad, watake: Samudana, tegese becik mung ing laire ba e, kelayu tiru-tiru, ambeke nuwa. Prayogane nandura kang amrih uwit.
2. Senen. Wong kang lair ing dina Senen, watake: Semuwa. tegese: kumudu becik sabarang patrap lan sabarang gawe, nanging kerep kaluputan patrape. Prayogane nandura kang amrih godong.
3. Selasa. Wong kang lair ing dina Selasa, watake: Sujana, tegese: prayitna ing batin, ora lamba pamikire, datan andelan, butarepan, anggung kagetan. Prayogane nandura kang amrih kembang.
4. Rebo. Wong kang lair ing dina Rebo, watake: Sembada, tegese: kumudu pantes sabarang gawe, nyembadakake amrih patut, rada sembrana, nanging momot. Prayogane nandura kang amrih pentil.
5. Kemis. Wong kang lair ing dina Kemis, watake: Surasa, tegese: sabarang karepe kemudu dirasakake, lumuh kaungkulan atine. Prayogane nandura kang amrih uwoh.
6. Jum'at. Wong kang lair ing dina Jum'at, watake: Suci, tegese: kumudu resik sabarang patrape, gumunggung amrih ginirguwa. Prayogane nandura kang amrih oyod.
7. Sabtu. Wong kang lair ing dina Sabtu, watake: Kasumbang tegese: demen ngalem kang sarwa becik lan mada kang sarwa ala, surakah barang karepe amrih tiniruwa. Prayogane nandura kang amrih dangkel.

## 11. WATAKING MANUSA MITURUT PASARAN KALAIRANE

1. Legi. Wong kang lair ing pasaran Legi, watake: Mengku, tegese: kumudu saguh lan nguwasani sabarang patrap, kalawan lega ngarep atine, mikir ala becik.
2. Paing. Wong kang lair ing pasaran Paing, watake: Melikan, kumudu demen marang sabarang kang katon.
3. Pon. Wong kang lair ing pasaran Pon, watake: Pamer, tegese: kumudu ngatokake donyane, ambeke diri lan ngutuh.
4. Wage. Wong kang lair ing pasaran Wage, watake: Kenceng, tegese: kenceng wicarane, kau kakon aten.
5. Kliwon. Wong kang lair ing pasaran Kliwon, watake: Micara, tegese: bisa nganggiti basa, niteni ala becik.

## ALAMATING KANUGRAHAN UTAWA PAPA—SANGSARA

1. Legi. Wong kang lair ing pasaran Legi, manawa wis sarwa sabar sarch sumeh, tanda bakal tumuli tanpa kanugrahan.

Godane yen kau lengus brangasan, tanda isi nemu papa sangsara.

2. Paing. Wong kang lair ing pasaran Paing, manawa wis sarwa kukuh kenceng marang imane, anut syaraking Rasul, wedi marang sarengating Ratu, weruh tatakramaning nagara, tanda tumuli bakal tanpa kanugrahan.

Godane yang budi arda karem marang maksiyatan tanda isih nemu papa sangsara.

3. Pon. Wong kang lair ing pasaran Pon, manawa wis sarwa suci budine, tanda bakal tumuli tanpa kanugrahan.

Godane : yen reget budine, tanda isih nemu papa-sangsara.

4. Wage. Wong kang lair ing-pasaran Wage, manawa wis sarwa akeh kaengetane, demen melek mintiring budi, tanda bakal tanpa kanugrahan .

Godane yen kelalen doyan turu, tanda isih nemu papa-sangsara.

5. Kliwon, Wong kang lair ing pasaran Kliwon, manawa wis kawawa cegah sanggama, arang mangan, tanda bakal tanpa kanugrahan.

Godane yen karem madon sarta mangani, tanda isih nemu papa-sangsara.

## 12. WATAKING MANUSA MITURUT DINA LAN PASARAN KALAIRANE

Iki pratelaning watak kalairaning wong, kang kagawa saka ing daya kumpuling dina lan pasaran, kang pada mudoni marang wewatakan mau, awit kumpuling dina lan pasaran mau uga andayani dadi bebudening wong, kaya ing ngisor iki pratelane :

1. Ahad Kliwon. Wong lamun lair ing dina Ahad Kliwon watake : bener kenceng sabarang pikirane, iku kena ginawe tuwa, amung yen kadinginan pikir iku banjur ewa atine.

2. Senen Legi. Wong lamun lair ing dina Senen Legi, watake: yen lanang busuk rada kurang pikir; yen wadon sedengan barang pikir, lumrah ing sanak.

3. Selasa Paing. Wong lamun lair ing dina Selasa Paing, watake : busuk sarta wiraga prasaja pikire, yen wadon basa bedang wani pikir ala.

4. Rebo Pon. Wong lamun lair ing dina Rebo Pon, watake: lanang wadona isinan, bisa ngingoni wong pada siji, pikir suci pareng marang gawe.

5. **Kemis Wage.** Wong lamun lair ing dina Kemis Wage, watake: yen meneng pracaya, yen rekeh pratitis, prayitna marang pakewuh, lan bisa umbak ala becik.

6. **Jum'at Kliwon.** Wong lamun lair ing dina Jum'at Kliwon watake: yen lanang ora pati micara, mung sedengan bae, yen wadon lanas wani marang wong lanan.

7. **Sabtu Legi.** Wong lamun lair ing dina Sabtu Legi, watake: cukeng sugihan pinter ngupaya melik, balaba rekane bae, nginguwa jaran, bisa wasis lan sugih.

8. **Ahad Paing.** Wong lamun lair ing dina Ahad Paing watake: wegig pikire prayitna ing weweka, nanging diri piyangkuhe kaya mutera jagat.

9. **Senen Pon.** Wong lamun lair ing dina Senen Pon, watake: manis wicarane, bisa ngenaki pikir sesama-samaning wong, lan bisa golek rejeki.

10. **Selasa Wage.** Wong lamun lair ing dina Selasa Wage, watake : lumuh ing wuruk lan lumuh ing becik, tur nora micara, lamun wadon prayoga bisa simpen arta.

11. **Rebo Kliwon.** Wong lamun lair ing dina Rebo Kliwon, watake: wegig amicara pikire, nanging calimut marang wong wadon, yen wis mari rusuh bisa anggayuh wataking pandita.

12. **Kemis Legi.** Wong lamun lair ing dina Kemis Legi, watake : ber pikir lumuh kaunggulan, yen wadon candala, marang wong lanang wani padu.

13. **Jum'at Paing.** Wong lamun lair ing dina Jum'at Paing, watake: meneng yen busuk babar pisan, nanging maju ing gawe, yen pinter dadi panutane wong akeh, tur dadi pujangga.

14. **Sabtu Pon.** Watake lamun lair ing dina Sabtu Pon, watake: kriya gawene, wegige yen awan, yen wadon bisa golek melik mbalubut.

15. **Ahad Wage.** Wong lamun lair ing dina Ahad Wage, watake: gede kekarepane, yen duwe pikir ora kena den palangi, yen wadon iku ala.

16. **Senen Kliwon.** Wong lamun lair ing dina Senen Kliwon watake: meneng pikire, yen misih anom bodo sadela, bareng tuwa alus pikire.

17. **Selasa Legi.** Wong lamun lair ing dina Selasa Legi, watake: kurang wicarane, yen juweh wegig, barang pikir apik, yen ngutuh wekasane ala.

18. **Rebo Paing.** Wong lamun lair ing dina Rebo Paing, watake: munggah umpakan, para diri lumuh kaungkulan temene cecegan pikir banter.

19. **Kemis Pon.** Wong lamun lair ing dina Kemis Pon, watake: anteng pikir piyangkuh besus sabarang nora katara piyangkuhe, tegese gemi.

20. **Jum'at Wage.** Wong lamun lair ing dina Jum'at Wage, watake: bisa amicara juweh rekeh pratitis watak pandita, ceta nanging cengkiling, lilan nanging kerep kesandung.

21. **Sabtu Kliwon.** Wong lamun lair ing dina Sabtu Kliwon, watake: bodo ngaku pinter, kurang wegig lalen, nanging temen maju ing gawe.

1 22. **Ahad Legi.** Wong lamun lair ing dina Ahad Legi, watake: lalen kurang wegig pikirane, yen pinter luwih sepadaning wong, nanging karem madon kang pada laku ala panggawe ngiwa.

23. **Senen Paing.** Wong lamun lair ing dina Senen Paing, watake: murka marang pagaweyan samubarang pikir sedengan, yen wadon luwih prayoga.

24. **Selasa Pon.** Wong lamun lair ing dina Salasa Pon, watake: kurang pikir lumuh ing prakara, yen wadon becik prayoga dadi selir priyayi.

25. **Rebo Wage.** Wong lamun lair ing dina Rebo Wage, watake: sedengan barang pikir maju ing gawe, yen wadon cendala marang wong lanang.

26. **Kemis Kliwon.** Wong lamun lair ing dina Kemis Kliwon, watake: kurang pikir nanging petel marang gawe, yen wadon sedengan pikirane.

27. **Jum'at Legi.** Wong lamun lair ing dina Jum'at Legi, watake: ila-ilu ora duwe pikir dewe, yen kalah gela jroning pikir, luwih susah atine.

28. **Sabtu Paing.** Wong lamun lair ing dina Sabtu Paing, watake: lanang wadon bisa golek melik, bisa simpen, wicara alus lan agal.

29. **Ahad Pon.** Wong lamun lair ing dina Ahad Pon, watake: kurang pikir pracaya lila, yen wadon prayoga, bisa simpen kayane, wong lanang.

30. **Senen Wage.** Wong lamun lair ing dina Senen Wage, watake: kurang pikir, bregundung kaki pikire, yen wadon becik yen lanang wani lampus utawa wani nanggulang pakewuh.

31. **Selasa Kliwon.** Wong lamun lair ing dina Selasa Kliwon, watake: yen busuk babar pisan, yen pinter dadi pujangga, sejatine ngulama.

32. **Rebo Legi.** Wong lamun lair ing dina Rebo Legi, watake: lumrah prasaja, njaluk gelem dijaluhi awuh, yen wadon prayoga barang pikire.

33. **Kemis Paing.** Wong lamun lair ing dina Kemis Paing, watake: temen anteng tani pikir maju ing gawe demen dadi priyayi celak marang wong agung sedengan sabarange.

34. **Jum'at Pon.** Wong lamun lair ing dina Jum'at Pon, watake: wegig sajroning pikir, yen nora kaduga malengos, ewa atine kang ala.

35. **Sabtu Wage.** Wong lamun lair ing dina Sabtu Wage, watake: lalen nanging nggraita pikir, jroning ati kaku lengus sadela nuli mari.

### 13. WATAKING MANUSA MITURUT PALINTANGAN

Iki palintangan kang mencok marang jenenging bocah, kehe lintang ana rolas, manawa sedy a arep anjenengake bocah, angetunga Neptuning Aksara Jawa kang rong-puluh salah siji, iya iku sawijining aksara kang arep dienggo sirahing jeneng, pira neptune banjur kaaduwa karo Neptuning dina lan pasaran nalika laire, pira gungunge kabeh, manawa gungungane luwih saka 12, prelu kabuwang rolas-rolas, sapira karine petunge iya iku lintange, kang miturut angka ning lintang, endi kang didemeni, iya kaaraha watake kang becik, mungguh angka uruting lintang lan jenenging lintang, apa dene wataking lintang, kaya kang kapratelakake ing ngisor iki, sarta kawiwitan pratelan kanggo anggampangke pamilihing lintang kang disenengi.





## LINTANG ROLAS SARTA WATAK-WATAKE

1. Kang dihim lintang Kamal arane, watake iku geni agung, kang minangka satrune lintang 'Arab, sanake lintang Mijran, warnane putih kuning, kekasihe wong iku emas lan salaka, lamun layar ing sagara gelis rusak, karena lintang Kamal iku, yen geniya geni naraka, lan bambang-awak tur sedep rerasane dening wong akeh, lan murah tapane asih ing kekasihe, lan bekti ing wong tuwane karo, utawa becik tatakramane marang sanake tuwa, asih marang panggaweyan becik, nanging ana bitet ing awake utawa toh, nanging ora atut lan sanake dadi satru, nanging nora kalah dening satrune, dene pasatuwane macan, nabine Kanjeng Nabi Adam, kayune aren, manuke merak, yen umur telung taun teka larane, yen wus kaliwat dawa umure, lamun sakit weteng enggal ajale, dene dinane kang becik Ahad lan Selasa, wulane Muharram, dinane kang ala dina Senen lan Rebo, sasine Shafar, lamun lara ing kono ngalamat teka ing ajale, lamun arep slamet sidekaha keris, beras abang ayam putih, dongane tawil-'umur, yen lara tambane daging wedus abang, ginoreng lenga wijen aja nganggo uyah, iwake pinangan lengane urutna awake kabeh, insya Allah slamet, lan nganggowa sarat ali-ali kang soca kuning lan putih, iki pujine: ya kaliku, kawaca rambah kaping sanga.

2. Kapindo lintang Sur arane, watake bumi agung, kang minangka sanake lintang 'Aserab satrune lintang Dali, warnane putih abang, kang den kasihi amba raine jembar alise, awake ora gede, warnane tetiga, ireng abang putih, tegese salin-salin, raine wing-wing lan pantes becik atine, yen lelungan ing desa adoh ana wong arep nganiaya, banjur wedi pisah lan sanake, lan asih ing ngelmu, sarta tatakrama marang wong agung, nanging asring den sengiti marang wong agung, lan awake ana bitete, utawa gigire, utawa sukune kena sanjata, lan kala satengah tuwuh kurang artane, yen kaliwat (tengah tuwuh) akeh artane, yen sesawah utawa gaga perak gunung akeh brekate, tur dadi ulu-ulune (wong kono), nanging bapake mati dingin, lan kerep rabi kaping pindo, utawa ping pat, kang dingin pegat utawa mati, lan akeh anake ana mati, ana urip, pegat nganggowa jimat perak satrune, nanging ora ngapaa, lamun umur pat-belas taun sakit sanget, yen kliwat (saka iku) dawa umure, lamun lara sirah kang den anglut, dinane kang becik Rebo, utawa Jum'at, sasine Shapar, dina (kang ala) Kemis lan Sabtu, wulane Sya'ban, lamun lara ing kono lamat teka ing ajale, lamun arep nulak bilahine, sidekaha jarit ireng, ayam ireng, beras abang, slawate emas wawrat nem-belas saga insya Allah slamet, dene yen lara tambane ayam putih utawa wedus, ginoreng lenga wijen aja nganggo uyah lengane ingurutake awake kabeh, lamun nganggo sarat ali-ali kang soca ijo iki pujine : "Ya'alimu", kaping lima-las.

3. Kaping telu lintang Kur arane, leksana angin agung, sanake lintang Kus satrune lintang Jali, lan lintang Kut, rupane wong iku duwur awake, bunder raine, manuke pelung, pasatuwane macan, kayune ketepeng, awake ana bitet, utawa belang alise, lan murah tangan, lan asih ing rabine, sengkalanane gelis, nanging satrune perak, lan asih ing bener, sanake pada iri atine, aja lelungan lan wong liyan, ana tatune sukune den cokot ing asu, utawa ula, lamun sakit wetenge kang den rasa, tatkala satengah tuwuh kirang artane yang kaliwat (saka iku) akeh artane, yen arep nulak bilahine wong iku, sidekaha salaka bobot telung-puluh saga, lan ayam putih beras putih, panganggone kang becik nenandura, wulane kang becik Rabi'ulawal, dinane Rebo, Jum'at lan Ahad, wulane kang ala Ramadhan, dinane Sabtu lan Selasa, lamun lara tetambane iwak dara ireng, ginoreng lenga wijen, ora nganggo uyah, nuli pinangan, lengane urutena awake kabeh, insya Allah slamet, lamun nganggo ali-ali kang soça ireng, iki pujine : „Ya kadiru”, ping sapuluh.

4. Kaping pat lintang Surtan arane, sanake lintang Kadi, satrune lintang Dali pasatowane kapiting, kayune katepeng, manuke Gudali, larane ngelu, rupane putih, awake dawa pantes, lamun lara asring kalemper, pagawene ireng putih kuning, ana bitet utawa toh awake, tatkala sakit wolung tahun umure sarta payah, yen rerasan keras, lamun sarengan kaya arep mateni, lan rabi kaping pat, rabine akeh ambencana, tapi ora ngapaa, daulate anenandur, wulane kang becik Rabi'ulakhir, dinane Senen, wulane kan ala Sya'ban, dinane Ahad, lamun lara ing kono lamat teka ing ajale, lamun lara tambane daging wedus ireng lan ayam ireng ginoreng lenga wijen aja nganggo uyah, pinangan, lengane urutena awake kabeh, insya Allah slamet, lamun nganggo ali-ali kang soça ijo, dene yen arep nulak bilahine, sidekaha jarit abang, beras abang, ayam putih, iki pujine : “Ya rabba”, ping telung-puluh.

5. Kaping lima lintang Adas arane, leksanane geni, sanake lintang Dali, satrune lintang Kot, pasatuwane macan-kombang, manuke alap-alap, kayune jeruk, sabarang gawene gelis nanging wekasan samar, rupane manis, ora akeh anake, ana tandane awake tiba utawa den cakot ula, lan perak satrune, lamun srenggen kaya matenana, yen lara panas awake, panggawene becik akeh artane, nanging keh drengki wekasan gelis rusak, kang drengki tatkala anom akeh artane, yen wis setengah tuwuh kurang artane, yes wus umur patang-puluh tahun, ana tatune awake, utawa raine, lamun sakit panas awake dene kang becik wulane Jumadi lawal, dinane Ahad, wulane kang ala Zu'lhijjah, dinane Sabtu, lamun lara ing kono lamat teka ing ajale, dene yen lara tambane daging wedus abang utawa ayam abang, digoreng lenga wijen aja nganggo uyah, iwake pinangan, lengane den urutake awake kabeh, insya Allah

slamet, lamun arep nulak bilahine sidekaha dodod putih, lan ali-ali salaka, ayam putih beras putih, lan nganggowa ali-ali kang soca abang, iki pujine : "Ya rakhmanu," kaping sapuluh.

6. Kaping nem lintang Sumbulah arane, leksanane bumi gunung penengah tegese ijo abang panggawene, tur akeh ngelmune, becik sesawaha akeh rejekine, lan akeh mas salakane, watake murah lan asih lan wong miskin, nanging rabi ping pat, lan ana bitet ing awake utawa toh, lan perak satrune, wulane kang becik Jumadi akhir, dinane Rebo lan Kemis wulane kang ala Zul'kaedah, dinane Sabtu lan Selasa, yen lara ing kono lamat teka ing ajale, lan kalane dadi lara lara payah, lamun lara tambane daging wedus abang, utawa ayam abang, ginoreng lenga wijen aja nganggo uyah, iwake pinangan, lengane urutna ing awake kabeh, yen arep nulak bilahine sidekaha wedus lan ayam putih, beras putih, insya Allah slamet, lamun nganggo ali-ali kang soca abang, iki pujine : „Ya klamuna”, kaping lima-las.

7. Kaping pitu lintang Mijran arane, leksanane angin penengah, warnane putih semu kuning, sanake lintang Kamal, satrune lintang Kot, manuke gudali, kayune pisang, pasatuwane garangan, ana wadon ambencana, nanging nora ngapaa, lamun lara siraha kang den angluh, duk umur pitung tahun sakit sanget, yen wus kaliwat bisa umur wolungpuluh taun umure, wulane kang becik Rajab, dinane Jum'at, wulane kang ala Zu'lhikah, dinane Sabtu yen lara ing kono teka ing ajale, lamun lara tambane ayam putih lanang, ginoreng lenga wijen aja nganggo uyah, iwake pinangan, lengane urutna awake kabeh, dene yen arep nulak bilahine, sidekaha timah putih bobot rong kati, lan ali-ali salaka, beras putih ayam putih, insya Allah slamet, lamun nganggo ' ali-ali kang soca ijo, iki pujine : „Ya kadiru”, kaping sawelas.

8. Kaping wolu lintang 'Akrab arane, leksanane banyu kali sanake lintang Sur, satrune lintang Jug, rupane alus wong iku, ambeke putih, panggawene abang ijo becik, tur perak ing ratu, utawa wong agung, lan bener atine, daulate saking sawah, tur dadi uluning desa, teguh imane, dawa umure, lan oleh lungguh saka rabine, lamun wong wadon angreres saking lakine, karena suwala sawise iku akeh rejekine, akeh anake, ana mati ana urip, panggawene kang becik dagang layar, nanging biyange mati dingin, lamun omah-omah lan sawah kang perak kali, utawa telaga, lamun sakit wetenge kang den angluh, utawa panas, patine lara weteng, lamun lara tambane daging wedus digoreng lenga wijen aja nganggo uyah, iwake pinangan, lengane den urutna ing awake kabeh, umure wolung-puluh taun, wulane kang becik Sya'ban, dinane Kemis ;

wulane kang ala Muharram, dinane Rebo, yen sakit ing kono teka ing ajale, lamun arep nulak bilahine, wong iku, sidekaha emas bobot sakati, lan ayam abang beras abang insya Allah slamet yen nganggo ali-ali kang soca ijo, iki pujine : „Ya mkasi” kaping wolu.

9. Kaping sanga lintang Kus arane, rupane kaya panah hari, sanake lintang Jug, satrune lintang Surtan; manuke pelung, wong iku pantes awake, lan den kasihi wong agung bener ing ujure, lan asih ing sanjata, asih ing tamu, wijang dadane, ana bitet ing siraha, nanging rabi oleh randaning wong, kalane dadi lare umur sepuluh tahun lara payah sawuse kono dadi uluning desa, nanging nuli den sengiti ing wong agung, nanging nora ngapaa, dene akeh ngelmune, lan akeh kebecikane, karo kang dingin pegat lan rabine, utawa mati lamun ana wong wadon asih ing pepanganan, aja den pangan, karena wong iku mbahyani, dedalane lara wong iku, lamun umur sangang taun utawa sapuluh taun, yen wus kaliwat dawa umure, seket tahun maneh lara payah, lamun lara tetambane ayam putih, ginoreng lenga wijen, aja nganggo uyah, iwake pinangan, lengane ingurutake awake kabeh, dene wulane kang becik Ramadlan, dinane Kemis, wulane kang ala Shafar, dinane Rebo, yen sakit ing kono lamat teka ing ajale, yen arep nulak bilahine sidekaha samak (walulang) sakebar, lan ayam putih, beras putih, insya Allah slamet lamun nganggo ali-ali kang soca abang, dene yen arep ngurutaken tamba mau, awit ing dina Kemis sore, utawa Ahad, iki pujine : „Ya kapiyamu hening”, kaping wolu.

10. Kaping sapuluh lintang Jadiyahun arane, upama wedus ana ing lautan, leksanane gunung parah, warnane wong iku semu putih, panganggone abang ireng becik, keh gorohé keh temene, sanake lintang Surtan, satrune lintang Jus penyakite ngelu, nanging dawa umure, pawong sanake pada ngandel, tur penganan, yen gugup atine kerep ngerabi, pasatowane macan, asih ing sanjata, nanging den sengiti ing wong sugih, atine ngeres, daulate saking sawah lan gaga kang perak kali, utawa telaga, lamun omah-omah marep ing keblat kang bener, wong iku brekat, lamun kabendon wong agung putung atine, duk umur limang taun sakit, yen wus kaliwat pitung-puluh taun umure, lara payah, lan awake ana bitete, dene wulane kang becik Syawal, dinane Sabtu, wulane kang ala Jumadi lawal, dinane Rebo, lamun sakit ing kono lamate teka ing ajale, yen lara tambane daging wedus ireng, utawa ayam ireng, ginoreng lenga wijen aja nganggo uyah, iwake pinangan, lengane urutna ing awake kabeh ; dene yen arep nulak bilahine sidekaha jarit batik, lan ayam ireng beras abang, slawate salaka bobot limang saga, insya Allah slamet ; lamun nganggo ali-ali kang soca ireng, iki pujine : „Ya Rabbi” kaping wolu.

11. Kaping sawelas lintang Dali arane, leksanane angin, sanake lintang Asad, satrunne lintang Surtan, pasatowane macan, kayune katepeng, manuke merak, panganggone abang ireng iku becik, keras ujure, kedik berkate, nanging pantes awake asih ing tetamu, asring oleh arta, nanging gelis lungane, wulane kang becik Zul'lkaedah dinane Sabtu, wulane kang ala Jumadi lakhir dinane Selasa, yen sakit kono lamat teka ing ajale, kala umur sapuluh taun lara payah, lamun lara tambane dara ireng ginoreng lenga wijen aja nganggo uyah, iwake pinangan, lengane urutena ing awake kabeh, dene yen arep nulak bilahine, sidekaha daging wedus lan banyu beras, slawate emas bobot rolas saga, insya Allah slamet, yen nganggo ali-ali kang soca abang, iki pujine : „Ya kadiru”, kaping wolu.

12. Kaping rolas lintang Kut arane, leksanane banyu telaga, sanake lintang Sumbulah, satrunne lintang Asad, pasatowane iwak loh, manuke sandanglawe, kayune jeruk, awake pantes, rejekine metu saka bumi, ora ana kekurangane asring oleh mas salaka, lan suka atine, panggawene kang becik sawaha keh rejekine, utawa dagang layar becik, wulane kang becik Zul'lhijjah, dinane Kamis, wulane kang ala Rajab, dinane Selasa, yen lara ing kono teka ing ajale, kalane dadi lare umur rong taun lara payah, tambane iwak loh, ginoreng lenga wijen aja nganggo uyah, iwake pinangan, lengane urutna awake kabeh, yen arep nulak bilahine sidekaha emas bobot limang saga, utawa telung saga, ayam putih beras putih, sarta adusa kang suci, insya Allah slamet, yen nganggo ali-ali kang soca abang iki pujine : „Ya rahimu”, wa'llahu a'lam.

#### 14 WATAKE MANUSA MITURUT TANGGAL JAWA KALAIRANE

Iki maneh wataking tanggal, miturut pananggalan Jawa, karsaning para Nabi para Wali, wataking wong lair iku manuta ing tanggal, budi-ning wong mau pada sumurupa ingkang ala lan ingkang becik, aja riya, kang ala singkirana.

1. Wong lair tanggal sapisan, agede piyangkuhe, nanging gede begjane, yen kasandung babar pisan, wurung dadi unusaning wong.
2. Wong lair tanggal kaping 2, sugih sanak sugih mitra, sugih anak, bebudene pilih kasih, semu lengus pikire alon.
3. Wong lair tanggal kaping 3, sumeh prasaja, yen kaku gelis lejure, golonganane kakon aten, nanging gumati maring batur.
4. Wong lair tanggal kaping 4, wegig amicara, akeh pikire ingkang becik, lan clingan samubarang karya.
5. Wong lair tanggal kaping 5, amicara nanging mara tangan, mara cangkem, nanging loma ing bojakrama, resikan tani pikire.

6. Wong lair tanggal kaping 6, busuk samubarang pikir, carobo sabarang kang ginarap, kesed marang panggaweyan iku elinga.
7. Wong lair tanggal kaping 7, wegig amicara limpad, nanging rada pareng marang wong wadon, ingkang ala pikire saru, iku elinga saru.
8. Wong lair tanggal kaping 8, sugih etung ala becik, sugih sadulur lan rukun, sabarang pikire becik.
9. Wong lair tanggal kaping 9, kakon aten panas baranan, nanging gelis lejar, lumrah pikire, lila ing samubarang.
10. Wong lair tanggal kaping 10, iku pepet sumber lalen, nanging wegig pikire, demen kena wadul ala becik anggugu.
11. Wong lair tanggal kaping 11, iku ber pikir jubriya sumakehan, nanging weruh ing tata ala becik.
12. Wong lair tanggal kaping 12, demen nisip molah, yen meneng lengus, yen rongeh pratitis samubarang wasis.
13. Wong lair tanggal kaping 13, limpad amicara pratitis wegig, kaku mung sadela berangasan gelis lejar.
14. Wong lair tanggal kaping 14, sugih wicara becik, sabarang ceta kawruhe, suci lair batine, pracaya pikire.
15. Wong lair tanggal kaping 15, terang sabarang pikire, sedengan dadi pujangga akeh wicarane ingkang suci.
16. Wong lair tanggal kaping 16, busuk lalen carobo sabarang pikir kapara kesed marang panggaweyan, iku ala.
17. Wong lair tanggal kaping 17, sugih etung ala becik, sugih sadulur pada rukun, barang pikire prayoga suci.
18. Wong lair tanggal kaping 18, wegig amicara limpad, nanging rada karem madon, ingkang ala lakune.
19. Wong lair tanggal kaping 19, kakon aten panas baranan, gelis lejare, lilan barang pikire, bojakrama murah.
20. Wong lair tanggal kaping 20, lalen pepet pikir, wekel pikir demen kena wadul sabarang wong ala becik.
21. Wong lair tanggal kaping 21, ber pikir jubriya sumakehan nanging weruh ing tata ala becik.
22. Wong lair tanggal kaping 22, demen isin molah, yen meneng lengus, yen juweh patitis nalare.
23. Wong lair tanggal kaping 23, limpad micara patitis, berangsan sadela nuli lejar sareh maning.
24. Wong lair tanggal kaping 24, sugih wicara becik ceta kawruhe, lan suci pikire lair batin.
25. Wong lair tanggal kaping 25, terang sabarang pikire sedengan, dadiya pujangga akeh pikire ingkang suci.

26. Wong lair tanggal kaping 26, busuk lalen carobo sabarang pikire, barang gaweyan iku kesed.
27. Wong lair tanggal kaping 27, sugih etung ala becik, sugih sanak sadulur pada rukun, pikire tata.
28. Wong lair tanggal kaping 28, sugih wicara anyenyet tembunge, rada pareng marang wadon, ingkang ala pikir ngiwa.
29. Wong lair tanggal kaping 29, kakon aten panas baranan, gelis lejar, gelis lilihe, lilan marang cangkem karut.
30. Wong lair tanggal kaping 30, gede piyangkuhe, lan gede begjane, yen kesandung gede nora ngapaa tur gelis pulih.

### 15. WATAKING MANUSA MITURUT SASI KALAIRANE

Iki maneh wataking sasi, tunggal dadi bebudening wong, yen wis pada sumurup iku pada singkirana alane muriha becike.

1. Lamun wong lair sasi Muharram, iku watake lumrah pikire, blater bebudene, kaku nora suwe, sanake wong ngapusi, nanging awake dewe temen, prasaja barang karepe lumrah.
2. Wong lair sasi Shafar, iku watake kurang guwayane biyas, yen meneng lengus, yen juweh srudag-srudug, lan kurang tata-kramane, yen wadon demen kiwa (laku ngiwa), calimut.
3. Wong lair sasi Rabi'u'lawal, iku pinter den remeni marang wong agung bekane diri, lan karemane madon, ingkang ala gawene, yen wis manuh ngreyoh pikire lan lengguk semune.
4. Wong lair sasi Rabi'u'lakhir, pinter temen setya tuhu, den remeni marang wong agung, mungguh tani nenandur tulus, suci pikire, yen rusuh gelis cilaka, sanake wong njaluk, pada parenging ati pikir.
5. Wong lair sasi Jumadi'lawal, pinter samubarang, sembrana parikena ingkang becik, wegig waon, nora katara wasis.
6. Wong lair sasi Jumadi'lakhir, watake nora lana pikire, monyar-manyir tan antepan, parengane wong sugih, gatokane kudu oleh lumuh kalongan, wicarane manis semune duwe pangarah.
7. Wong lair sasi Rajab, watake busuk cukeng lalen, nanging sugihan, sanake wong tani, yen nepsu lali maring becik, gatokane buteng, yen weweh lali lair batin.
8. Wong lair sasi Sya'ban, watake prasetya batine, pikire lumrah, nanging ora betah luwe, sanake wong ngapusi, yen nepsu gelis lejar, nanging kereng, gumati marang anak bojone lan para batur.

9. Wong lair sasi Ramadlan, watake anteng pikire, lan betah luwe wani marang bojakrama, nanging guwayane lesu, sabarang gawe alon, yen wus wani mundur isin, ing pikire.
10. Wong lair sasi Syawal, watake loma maring bojakrama, bisa ngenaki marang atining wong durjana, para dursila maling pada wedi, wong durjana pada blaka, kudu prasetya pikir.
11. Wong lair sasi Zu'lkaedah, watake anteng jinem bisa rerawat wadi lan momot pikire, sanake para ngulama, ingkang wicaksana, lan para pinter, yen wadon parengane ngibadah ngulama sedengan.
12. Wong lair sasi Zu'lhijjah, watake manis ing pasemon, tur guna nora katara, kanggo ing para agung, para samubarang pikire, prayoga dadiya pinituwa lan guru pikir.

#### 16. WATAKING MANUSA MITURUT TAUN KALAIRANE

Iki watak kalairane wong, manut saka wataking taun, pepikirane melu duwe watak dewe-dewe.

1. Yen wong lair ing taun Alip, watake kudu bener sedengan ; rekeh elingan resikan lair batine.
2. Yen wong lair ing taun Ehe, akeh pikire nanging carobo sajroning ati, wegig pepikirane, tur sabar lila ing donya, nanging remen madon.
3. Wong lair ing taun Jimawal, watake nuwa pikir landung, lan momot jatmika, bisa simpen nanging kumet, lengguk bisa lejar bisa, semune jatmika, yen ora kaduga malerok, kaya gela pikire, nanging sedengan sabarang pikire.
4. Wong lair taun Je, watake setya tuhu temen tuntung kiyal, batine kekurangan pikir, nanging wasis lumrah prasaja pikire ; semune perak kamulyane, lan sakira raja-amal sakira lila, dene sanake wong para njaluk iku den prayitna.
5. Wong lair ing taun Dal, watake demen isin molah, tur lilan nora pradulen, sabarang kang katingalan karepe resikan, lair batine bener satuhune, dadi santri satuhune ngulama, lan pareng maring misil ingkang prayoga resik.
6. Wong lair ing taun Be, watake rusuh ngetoprah, kareme madon ; sok murungake bakal, yen ana boja sok lali marang becik, yen wong wadon iku pikire ala rusuh.
7. Wong lair ing taun Wawu, watake wuwuh-wuwuh wicarane ala becik, nanging kurang guwayane, yen kurang wulang iku calimut cangkem karut, ewa-ewa atine, carobo ngutuh ing wong wadon.
8. Wong lair ing taun Jimakhir, watake diri piyanguhe, memes wicarane, kabotan bokong, sutik sanja ing pawong sanake, angur disanjanana lumrah maring bojanc, para lila lair batine.

## 17. WATAKING MANUSA MITURUT MASA KALAIRANE

Iki ana maneh wataking masa, yen ana lare lair pinuju masa ingkang tanpa, dadi bebudening wong, sami anitenana sadaya, wataking wong kang ala lan becik.

1. Kasa. Wong lair ing masa Kasa, watake kinasihan sasamaning unip pada pareng asih.
2. Karo. Wong lair ing masa Karo, watake carobo letak barang karsane.
3. Katiga. Wong lair ing masa Katiga, watake kumet cukeng ari-wil darengki nggarundel ing wuri.
4. Kapat. Wong lair ing masa Kapat, watake resik ing sabarang kersane, ramping sabarange.
5. Kalima. Wong lair ing masa Kalima, watake juweh reseh ngati-pris dadi dalang prayogane.
6. Kanem. Wong lair ing masa Kanem, watake undagi barang karsane, patitis tur ceta.
7. Kapitu. Wong lair ing masa Kapitu, watake cangkiling tangan cangkem barang pikire maju.
8. Kawolu. Wong lair ing masa Kawolu, watake murah bojakrama lilan mring amal.
9. Kasanga. Wong lair ing masa Kasanga, watake berabah tembung, lugune sarwa saru pikir.
10. Kasadasa. Wong lair ing masa Kasadasa, watake calimut asring kena wadul ala miyur pikire.
11. Desta. Wong lair ing masa Desta, watake cingeng pikire lan mripate iku ala.
12. Saddha. Wong lair ing masa Saddha, watake duga prayogane pratitis samubarang pikire resik.

## 18. WATAKING MANUSA MITURUT PANCA-SUDA ( SEJE RUPA )

Iki ana maneh wataking Panca-Suda, kang wus tunggal ana dinane Pawukon, iku duwe watak dewe-dewe, tunggal dadi bebudening wong.

1. Sagara-wasesa arane, watake sugih wong becik.
2. Satriya-wibawa arane, watake wilujeng sajege gegriya.
3. Tunggak-semi arane, watake keringan ing wong ala.
4. Sumur-sinaba arane, watake sugih pawong sanak lan atut runtut.
5. Satriya-wirang arane, watake sabarang langkung awon.
6. Bumi-kapetak arane, watake mati salah sawiji, langkung awon.

7. Lebu-katuyub-angin arane, watake boros sabarange.

Dene etunging Panca-Suda mau manut saka neptuning dina pasaran, kakumpulake, buwangane pitu-pitu.

A. Yen digawe Panca-Suda Karep, iku miturut neptu kang wutuh.

B. Yen digawe Panca-Suda Weton, iku miturut neptu kang suda-wuwuh.

Kaya ing ngisor iki pratelaning neptu.

Dina pasaran : Neptu kang wutuh : Neptu kang suda-wuwuh :

Ahad	..... 5	..... 6	
Senen	..... 4	..... 4)	Tetep.
Selasa	..... 3	..... 3)	
Rebo .	..... 7	..... 6	
Kemis	..... 8	..... 5	
Jum'at	..... 6	..... 7	
Sabtu	..... 9	..... 8	
Legi	..... 5)		
Paing	..... 9)		
Pon	..... 7)		Wutuh ora suda-wuwuh.
Wage	..... 4)		
Kliwon	..... 8)		

### 19. WATAKING MANUSA MITURUT FIRASAT IMAM SAFI'I.

Iki ana maneh wawasan Firasating manusa, lanang utawa wadon, mijil saking Imam Safi'i, terang saking Hyang Maha Agung, ananging para weruh maca, poma pada weruha kang ala lan kang becik, ananging aja wani-wani ambuka firasat sawijining manusa ingkang ala utawa ingkang becik, mugi samiya waged apil, laf wageda simpen, nanging aja kongsi kabuka sawijining wong, sirikan dalilu'llah, yen kalair ngapesaken kaluhuran, lan ngudaraken marang bangsa ngeluncun lan pisah kawruhe, firasat iku ageme para Ratu, lan para Satriya ingkang agung, lan para Pandita ingkang wus sinebut wicaksana ing sabarang pikir, lan ingkang suci patrap lair batine, dene pratelane ing ngisor iki.

Rambut :

1. Rambut akas, watake kakon aten doso ing pikire.
2. Rambut yen abang pucuk, iku rambut durjana, watake sikir rusuh nalare.
3. Rambut lemes, watake milar-milur pikire.
4. Rambut brintik, watake sugih kawanen kurang deduga.

**Sirah :**

1. Sirah gede kang bunder, watake wutah ati ber pikir.
2. Sirah cilik, watake lalen lan kurang pikir kang becik.
3. Sirah penjol, watake nora duwe kekencengan pikir.
4. Sirah sedeng kang bunder, iku sirahe wong ahli pikir suci nalar.

**Batuk :**

1. Batuk amba kang rata, iku loma sabarang.
2. Batuk ciyut, iku kumet marang cangkem karut.
3. Batuk nonong, iku calak sumalonong barang pikir.
4. Batuk sedeng, iku sugih pikir alus tur micara.

**Kuping :**

1. Kuping amba, iku arepan, tur jireh wedi ing gawe.
2. Kuping njepiping, iku diri, ngegungaken rada gemi sega.
3. Kuping ciyut, iku lalen kaku pamikire, nanging mantep pikire.
4. Kuping sedeng, iku kupinge wong wicaksana ber budi.

**Alis :**

1. Alis kandel, iku kandel pikire, waringut semune.
2. Alis tepung, iku doso, galebut pikire lengus.
3. Alis kurang, iku jireh, nyuda pikir tur kumet.
4. Alis jlirit, iku ngadingkring besus mriyayi pikir.
5. Alis sedeng, iku wicaksana sugih pikir suci.

**Idep :**

1. Idep tumancep, iku besus melikan lara mripat.
2. Idep ngadeg, iku diri kagetan samubarange.
3. Idep pajeg, iku lepas pikire anteng becik.

**Netra :**

1. Netra pendul, iku jireh, miyar-miyut kurang pikir.
2. Netra legok, iku sugih melikan barang pikir.
3. Netra legok alise mudun, iku sugih uwasing ati.
4. Netra nai laler, iku calimut sabarang pikir.
5. Netra seret kuning, iku becik sareh pikir.
6. Netra biru, iku durjana ketuh kudu oleh.
7. Netra liyep tajem, iku tetep kandel ati maton.
8. Netra sedeng, iku wicaksana pikire.
9. Netra ciyut, iku ora weruh kabecikaning wong.
10. Netra kera, iku sugih melikan ngarah-arrah.
11. Netra keder, iku lalen nora becik pikire rusuh.
12. Netra lonjong, iku melikan marang wong wadon.
13. Netra ciyut irenge bunder amba putihe, iku balelo nggaligap Pandirangan.
14. Netra akeh irenge, iku pajeg paningale prasaja.

**Kedep :**

1. Kedep arang, iku piyangkuh diri njalukan gugu jroning ati.
2. Kedep kerep, iku demen-nyar marang pikir pinter.
3. Kedep sedeng, iku wicaksana pikir suci.

**Irung :**

1. Irung cilik, iku lalen barang pikir ala becik.
2. Irung gede, iku kumet marang patakon malah takon.
3. Irung lancip, iku suci sugihan nanging lalen marang pikir suci.
4. Irung gede pucuk, iku para madon kurang pikir.
5. Irung piseg, iku isinan lalen doyan mangan.
6. Irung sedeng, iku ber pikir wicaksana ing pakewuh.

**Bolongan Irung :**

1. Bolongan irung ciyut, iku durjana madon.
2. Bolongan irung amba, iku doyan mangan tur tukang icip.
3. Bolongan irung sedeng, iku wicaksana prasaja.

**Tutuk ( = Cangkem ). :**

1. Tutuk amba, iku doyan mangan rusuh receh pikire.
2. Tutuk ciyut, iku betah prihatin para ambek marang pikir.
3. Tutuk sedeng, iku wicaksana pikire.

**Lambe :**

1. Lambe kandel, iku para amem, lengus kurang pikir.
2. Lambe tipis, iku juweh pamicara ala becik.
3. Lambe sedeng, iku ber budi pamicara alus.

**Untu :**

1. Untu gede arang, iku doyan mangan daremba rusuh.
2. Untu cilik pepet, iku betah ngredatin.
3. Untu cilik arang, iku dursila rusuh.
4. Untu gingsul ingkang metu, iku bantere ati kurang deduga.
5. Untu malebu, iku nyuda nalar uwas.

**Janggut :**

1. Janggut lincip, iku ngariwil kurang pikir tembung rengu ngeres.
2. Janggut papak, iku welu betah mangan sega.
3. Janggut sedeng, iku sugih pikir suci.

**Gulu :**

1. Gulu dawa, iku jireh besus piyangkuh kurang pikir.
2. Gulu cendak, iku lalen kakon aten seca pikir.
3. Gulu panggél, iku ngesut anggung salah kurang pikir.
4. Gulu sedeng, iku sugih nalar suci.

**Pundak :**

1. Pundak kandel, iku doso buteng pikir.

2. Pundak tipis, iku besus ngadingkring kurang rosa sabarang.
3. Pundak sedeng, iku limpad pamicara mantep pikir.

Bau :

1. Bau dawa, iku calimut, amicara parigel sabarang.
2. Bau cendak, iku kurang pikir kidung gawe.
3. Bau sedeng, iku wicaksana wegig pikir.

Dariji :

1. Dariji pucuk kandel, iku garoboh barang gawe.
2. Dariji cendak kandel, iku calimut cangkem karut imul.
3. Dariji alus gepeng, iku limpad sabarang pikir.
4. Dariji gede pucuk kaku, iku durjana pikir.
5. Dariji cendak, iku durjana sabarang pikir mara dalu wani maling.
6. Dariji dawa, iku seca legawa sabarang pikir.

Dada :

1. Dada jembar, iku kamot sabarang pikir ala becik.
2. Dada ciyut, iku sesak sabarang lalen marang becik kudu ala.
3. Dada mringkus, iku ngruwil sabarang pikire.
4. Dada miriag, iku durjana dora ngesut pikir;
5. Dada ciyut ing duwur, iku busuk ngaku pinter druwolo pikir.
6. Dada ciyut ing ngisor, iku ngadingkring ora rosa.
7. Dada pajeg sedeng, iku wicaksana sugih pikir suci.

Iga :

1. Iga landung, iku besus ora teyeng sabarang gawe.
2. Iga cekak, iku kaku kidung nanging wani lampus.
3. Iga sedeng, iku sugih pikir nalar ingkang becik.

Lambung :

1. Lambung gede, iku rosa pikir lan rosa sabarang gawe.
2. Lambung cilik, iku nora rosa sabarang gawe.
3. Lambung sedeng, iku ber pikir alus sabarange.

Weteng :

1. Weteng cilik, iku lumuh panggaweyan sugih pikir alus.
2. Weteng gede, iku rosa sabarang gawe.
3. Weteng bekel, iku sugih pikir nyata kapara wantah.
4. Weteng sedeng, iku wicaksana ber pikir andap asor.
5. Weteng mepet, iku betah ngredatin alus ing pikir.

Bokong :

1. Bokong gede, iku kandel pikir nanging rose.
2. Bokong tepos, iku ngadingkring nora rosa.
3. Bokong cantik, iku musibating pikir ala.
4. Bokong cilik sisih, iku nora prasaja barang pikir.

**Pupu :**

1. Pupu gilig sedeng, iku sugih catur seca atine.

**Gares :**

1. Gares ingkang sedeng, iku micara rosa nalare.
2. Gares ingkang kenceng, iku wicaksana pikir alus micara ceta.
3. Gares ingkang impur, iku ngaruwil kedik kudu oleh.

**Tapak :**

1. Tapak kang njebebeh kandel, iku ngetokroh pikir.
2. Tapak kang tarincing, iku kesit wicarane kiyat lumaku lunga.
3. Tapak kang mangkurep, iku gemi medit samubarange.
4. Tapak kang sedeng, iku sugih pikir alus pamicarane.
5. Tapak kang malumah, iku ora bisa gemi samubarange.

**Lumaku :**

1. Lumaku tungkake obah, iku durjana sabarang pikire.

**Gigir :**

1. Gigir wungkuk iku maju ing gawe pikire suci celatu ceta.
2. Gigir dempeng, iku munggah umpakan sabarang pikir ala.
3. Gigir sedeng, iku wicaksana sabarang pikire.

**Dada :**

1. Dada legok ing nduwur, iku dursila pikir kurang ati.
2. Dada legok ing pulung ati, iku suci demen isi molah.

**Tindak :**

1. Tindak arang, iku pikire lelep megelaken ati ala.
2. Tindak sedeng, iku wicaksana ing pakewuh suci pikire.
3. Tindak rikat, iku bodo kurang prayitna pikire.
4. Tindak nguntul, iku sabarang lamba kurang wicara alus.
5. Tindak kang tumungkul sedengan, iku sugih pikir alus.

**Wulu :**

1. Wulu kang ana dada bae, iku ala wani ngisin pikire.
2. Wulu ing dada tepak gigir, iku maju ing gawe santosa.

**Mangan :**

1. Wong mangan rikat, iku maju ing gawe, geroboh pikire sura.
2. Wong mangan sinambi caturan, iku kurang pikir, lan rongeh pikir ring ati.
3. Wong mangan anteng tumungkul, iku sugih pangati-ati.
4. Wong mangan sinambi jelalatan, iku garoboh geragas durjana ing ati.
5. Wong mangan kecer barang panganane, iku boros sabarange.

## 20. WATAKING MANUSA MITURUT UKURAN LUHURING DEDEGE.

Iki ana maneh etung dedeging wong, kang numusi marang watak bebudene, kaukur saka luhuring dedeg, ukure kepele dewe, iki etunge :

1. Mangkrak; 2. Ngatingkrak; 3. Seging; 4. Gentalo;

Yen tiba mangkrak, watake ala panas baranan.

Yen tiba Ngatingkrak, watake ala lengus.

Yen tiba Seging, watake becik akeh kang asih, atine jujur.

Yen tiba Gentalo, watake doyan mangan, sungkanan barang karya.

## 21. KADANG PAPAT KALIMA PANCER SARTA MEMULYANE LAN MEMETRINE

Kacarita Prabu Basupati ing Wirata, karsa nyoba ngagem lenga Pranawa, sanalika aningali patamanan luwih asri kawuryan, setengah ing patamanan katon ana wisma kancana papat, kalima tengah munggul dewe, Prabu Basupati tumedak teka ing patamanan iku, luwih kacaryan enggone ningali, dene isen-isene awarna-warna, amepiki, sangkep kang adi-adi sarwa peni, sarta rengganing wisma kancana banget, angeramake, nuli ana wong priya angacarani apekik warnane, matur nembah kuncup kang asta angras ing grana : Sumangga kaka Prabu, panjenengan-paduka katimbangan raka-jengandika. Prabu Basupati kaget ing batos, dene kang angacarani kuncuping asta manembah ora kapundi ing embun-2an, sarta tembunge animbali, nanging winengku ing galih, wekasan anurut, tumeka wisma kancana kang tengah, Prabu Basupati sumerep yen ana Ratu Jalu, karo Ratu Wanita, lenggah ing dampar sesotya, siniwi ing wadya bala, sarta ana kang lenggah ing dampar maneh, kehe papat, pada angapit-apit bareng Prabu Basupati celak banjur angacarani lenggah, ing dampar retina, pangandikane Ratu Jalu marang kang lenggahan angapit-apit mau mangkene : Lah kaya ngapa suka bungahira, katemu kadangira pancer. Kang diandikani manembah kuncuping asta pada kaaras ing grana. Ratu Jalu angandika marang wadya bala kang sumiwi ing ngarsa : Sira apa iya bungah katemu lan kadangira kang metu bareng sadina. Kang kadangu manembah kuncuping asta gya kapundi ing embun-embunan. Nuli Ratu Jalu anambrama marang Basupati : Pada rahayune ing praptanira ing kene yayi Prabu. Prabu Basupati ewed wangsulane, arep mangsuli males tanpa krama, manawa kasar, mangsuli krama, rumaos lingsem, wekasan dadi mung mantuk bae. Ratu Jalu mesem, wis sumerep ing wewadine, banjur angandika tembung krama manis manuhara : Duh kalingane

yayi Prabu, dereng sumerep yen kagungan saderek ingkang mboten karawatan, saderek ingkang mboten medal ing marga-hina kekalih, saderek ingkang medal saking marga-hina sakawan. Wangsulane Prabu Basupati, waleh yen durung sumurup. Ratu Jalu murwus manch : Ing mangke wiwit sumerep langkung prayogi asring dipun memuleya.

Memulenipun saderek ingkang mboten medal ing marga-hina : sekul golong, pecel ayam, jangan menir, ulam sato, ulam paksi, ulam loh, jejanganan, sekar campur-bawur, sedah ayu, pisang ayu, lisah wangi, juruh santen, winadahan dados satunggal, lisah sundul-langit, tape, opak-angin, tetindhipun timah.

Memulenipun saderek ingkang medal ing marga-hina : sekul golong gangsal, winadahan takir pontang, ulamipun ulam sagara ulam rawa, ulam bengawan, ulam kali, gantal kalih supit, dados sawungkus, sekar cempaka gangsal pasang, ing sapatangipun katumpangan sapaasang, tetindhipun timah, katumpangan piyambak-piyambak.

Yen kalampahan asring dipun memule makaten, saestu sami rumeksa ing rahinten dalu.

Ananging sajatosipun memule punika mboten susah sarana punapa-punapa, amung kasambata, ing saben dahar, ing saben angunjuk, utawi yen lenggah yen lumampah, miwah yen wonten damel, sampun supe, kasambat ingajak dahar, sapanunggalanipun, sadaya wau, yen sare kasambata, kinen mbau-reksa kemawon, sampun ngantos kasambat ingajak sare.

Ing mangke kula-serepaken saderek ingkang kasambat, sadaya punika, ing nalika kangjeng ibu ambabar anggarbini, dumugi ing lekipun, karaos anggerahi punika emaring sarira, kumesaring penggalih, temahan ngawontenaken kula, kaliyan adi-kula estri punika, kasebat Mar Marti, wedal kula (kekalih) saking jaja, sareng ngajengaken uwating bayi, punika wonten ingkang medal rumiyin, saking marga hina, dipun wastani Kawah, lajeng dados adi-kula ingkang asipat petak punika, tumunten wedaling bayi saking marga-hina, lajeng dados ing yayi Prabu punika, nunten kasundulan wedaling Ari-ari, dados arinta kang asipat jenar punika, nunten kasundulan wedaling Rah, dados arinta kang asipat abrit punika, sareng pupaking Puser, dados arinta kang asipat cemeng punika, mila yen kasebat sadaya wau makaten : Mar Marti, kakang Kawah, adi Ari-ari, Getih, Puser, saduluringsun kang nora karawatan, saduluringsun kang metu ing marga-hina, saduluringsun kang ora metu ing marga-hina, saduluringsun kang metu bareng sadina, bapak-ta ana ing ngarep, ibu-nta ana ing mburi. Nunten kasambata : Ayo pada anu, dahar utawi

ngunjuk sapanunggilanipun, amung yen sare dipun pamitana : Ingsun arsa turu, baureksanen sariraningsung sa-raja darbekingsun.

Anjawi saking punika, wonten malih ingkang kasebut saderek ingkang medal sareng sadinten, punika pepantaranipun yayi Prabu, ingkang peparengan wedalipun, mboten manusa kemawon, sanadyan Yoganing dewa, tuwin denawa, sato wana, paksi, buron toya, utawi bangsa siluman, yen dipun pepetri, badanipun alus, sami ambaureksa, dateng yayi Prabu sadaya, awit sami kadadosan kawula-warganipun saderekipun yayi Prabu sadaya wau.

Menggah pametrinipun saking reresik, kaliyan asring dedupa ; sarta dipun memuleya : liwet ketan kinepangaken sakendilipun, lan sekul golong, pecel ayam, jangan menir, sekul tumpeng, sekul minggah, ingkang dipun angge uwos salamet, sekar cempaka, sekar kenanga, tindhipun timah.

Telas pangandikaning raka, wangsulane Prabu Basupati : Langkung suka bingah, bade angestokaken. Banjur atetakon : Karanten punapa ing ngriki sembahipun awarni-warni. Wangsulane kang raka : Yen ing ngriki tataning sembah punika amung kalih-pangkat, yen sembahing kawula dateng ing gusti, bektinipun anguncupaken asta kapundi ing embun-embunan, sumungkemipun angestu pada, yen sembahing anem dateng sepuh, bektinipun anguncupaken asta kaarsa ing grana, sumungkemipun anguswa jengku. Prabu Basupati wis lega panggalihe, banjur pada kondur, tumeka ing pura, kacarita wis kalakon kabeh sawewelinging kang raka, ing antara dina, Prabu Basupati adedawuh nata panembah, kaya tataning jaman kang katon mau, kawuwuhan anembah pranata anekem karna, karo anekem jaja, iku kurmating tuwa marang anom, kang bangsa luhur anekem karna, kurmating guru marang sakabat, ingkang bangsa luhur anekem jaja.

## 22. KADANG PAPAT KALIMA PANCER KUWASANE DEWE - DEWE

Mar lan Marti, kuwasane among urip, anganakake cipta.

Kawah, kuwasane rumeksa ing badan, anakakake sedya.

Ari-ari, kuwasane amayungi laku, angenakake pangarah.

Getih, kuwasane angrewangi ulah, andadekake karsa.

Puser, kuwasane anjurungi sabawa, nuruti ing paneda.

Iki yen dipepetri lan dimemule saben ing dina nuju kalairane, yekti agung sawabe, poma dilakonana.

Balik yen ora dilakoni, kadang-kadang mau pada ngrencana, temah gawe uraning cipta, murungake sedya, ngluputake pangarah, lan migarake karep, gagar tanpa dadi, saking kurang tumemen madep ing laku, ila prayoga den awas den cling.

## 23. KADANG PAPAT KALIMA PANCER PANANGKISING PANGRENCANA ING DINA KIYAMAT - KITA PRIBADI

Prabu Anom Jayaamijaya matur ing rama Prabu Jayabaya : Kanjeng rama, menggah ingkang dipun wastani Jagadpralaya, saha dinten kiyamat, punika kados pundi, deñe carios kukudaning jagad. Prabu Jayabaya angandika : He kulup sira weruha, wulanging guruningsun, ujing kitab Musarar mangkene : Kiyamat iku tegese kukudane jagad lan wiji kang gumelar iki, iku tekane Jajal la'nat pada arupa asu, utawa celeng, bisa anganakake cahya ireng, iku sajatine kadadiyane Puser, iya Puserira dewe iku.

Nuli ana maneh rupa kalabang, diarani Klabang Kures, bisa nganakake cahya abang, sejatine ananing Getih, iya Getihira dewe.

Nuli ana maneh, arupa ula naga, bisa nganakake cahya kuning, sejatine Ari-ari dewe, kadangira kang lair bareng sadina, mijil saka marga-hina, ing tembe den arani Dabatu'lardli.

Nuli ana maneh arupa buta, bisa nganakake cahya putih, sajatine kadang kawahira, uga lair bareng sadina, pada metu ing marga-hina, ing tembe den arani Yakjuja wa Makjuja, dadi warnane anak Adam sakembaran kang asalah warna.

Nuli ana maneh arupa janma jalu estri, bisa anganakake cahya ijo, iku sajatine kadangira, kang tan metu marga-hina, Emar lan Mar, ing tembe iku den arani Haruta wa Maruti, dadi warnane anak Adam sakembaran kang murtat ing bapa, awor angin.

Kang kasebut pangrencana limang prakara mau, ing tembe bakal kasirnakake dening para Rijalu'llah Gaib : 1. Nabi Kilir, 2. Nabi Ilyas, 3. Nabi Armiya, 4. Nabi 'Isa. 5. Said 'Umar ibnu 'Umiya, 6. Sech Wais, 7. Said Muchammad Kanafiyah, 8. Sech Senan, 9. Sech Malaja.

Mungguh ing dina Kiyamat kita pribadi, tekaning pangrencana saka kadangira papat, kalima pancer, yen sakarat panangkise, amung anapekake rahsaning Jatiwinesa, tegese angenerake angen-angen, iku dadi tulak, lan santosaning ati, Kiyamat Kubra iku, sejatine tan beda lan Kiyamat kita dewe, kabeh kang nggegoda mau mung amrih kawuring cipta, pambirate saka mokhlis, tegese mungkul ing becik, pangukude sarwa ikhlas, mung mungkul, sawiji, pasrah, mokhlis iku eneng, ikhlas ana ing ening, lungguhe ana awas eling, panganggone, misahake antaraning kawula Gusti, sumende satitah, antaraning kawula, lan santosa barang kaestine iku, antaraning Gusti, dene yen wis mangkono, nuli pinutu panunggalane Kawula-Gusti, pangejane lan pangestine iku kinumpulake dadi sawiji, lair batin aja kawoworan, awit dina Kiyamat iku bakal pasamuwaning bangsa rokhani kabeh, kang jumeneng anglimputi 'alam amung cahyaning Pangeran Kang

- 31 -

Asifat Esa, gumilang tanpa wewayangan, lohkhil makfuling kawula, winijang sawiji-wiji, muhung Ingkang Kawasa, amisesari isining jagad, wa'llahu 'alam Pangeran Kang asifat Samak Basar. Telas pangandikane Prabu Jayabaya, kang putra liwat amemundi sabdaning rama kaestokake kabeh.

## 24. SLAMETAN WETON

Iki petung slametan wetone ing bocah, nuju ing dina apa nalika laire bocah mau, iku anduweni weton slametane dewe-dewe, apa dene dongane uga dewe-dewe, kaya kang kapratelakake ing ngisor iki :

1. Ahad. Bocah lair ing dina Ahad, slametane sega gurih kang putih, dene dongane Rasul, nyuwun supangat wilujeng.
2. Senen. Bocah lair ing dina Senen, slametane sega punar, dene dongane Kunut.
3. Selasa. Bocah lair ing dina Selasa, slametane jenang abang baro-baro lan tukon pasar, dene dongane Barik.
4. Rebo. Bocah lair ing dina Rebo, slametane sega tumpeng, dene dongane Slamet.
5. Kemis. Bocah lair ing dina Kemis, slametane sega wuduk, dene dongane Slamet.
6. Jum'at. Bocah lair ing dina Jum'at, slametane sega wuduk, dene dongane Ibrahim.
7. Sabtu. Bocah lair ing dina Sabtu, slametane bubur sungsum, dene dongane Innanis saluka.

## 25. NA'AS NABI

Sasi kang isi Na'as Nabi iku ana pitu, kang kapratelakake ing ngisor iki:

1. Muharram, tanggal kaping 3, iya iku na'as kala Kanjeng Nabi Ibrahim den obong dening Raja Namrut.
2. Rabi'u'lawai, tanggal kaping 3, iya iku na'as kala Kanjeng Nabi Adam tinurunaken saking swarga.
3. Rabi'ulakhir, tanggal kaping 8, iya iku na'as kala Kanjeng Nabi Lut winalik negarane. Nunggal sasi Rabu'ulakhir, tanggal kaping 16, iya iku na'as kala Kanjeng Nabi Yusuf linebetaken ing sumur.
4. Jumadi'lawal, tanggal kaping 5, iya iku na'as kala Kanjeng Nabi Nuh kinelem.
5. Ramadhan, tanggal kaping 21, iya iku na'as kala Kanjeng Nabi Musa prang lan Raja Fir'on.

6. Zul'kaedah, tanggal kaping 24, iya iku na'as kala Kanjeng Nab. Yunus den untal ing ulam.

7. Zui'lhidjah, tanggal kaping 25, iya iku na'as kala Kanjeng Nabi Rasul kagutuk wajane.

Ana dene sasi sepen Na'as iku ana lima, kaya kang kapratelakake ing ngisor iki:

1. Shafar.
2. Jumadi'lahir.
3. Rajab.
4. Sya'ban
5. Syawal.

## 26. SANGARAN TAUN, DINA LAN PASARAN KANG DADI SANGAR ING DALEM SATAUN-TAUNE

Apa kang disebut Sangaran taun, iku manut dina lan pasaran apa dene tanggale sapisan ing sasi Muharram, in saben taun-taune.

Sajroning tumindak khuruf Salasiyah Pon, Sangaran Taun mau tiba ing dina lan pasaran manut taun wolu kaya kang kapratelakake ing ngisor iki:

1. Alip, Sangaran Taun tiba Selasa Pon.
2. Ehe, Sangaran Taun tiba Sabtu Paing.
3. Jimawal, Sangaran Taun tiba Kemis Paing.
4. Je, Sangaran Taun tiba Senen Logi.
5. Dal, Sangaran Taun tiba Jum'at Kliwon.
6. Be, Sangaran Taun tiba Rebo Kliwon.
7. Wawu, Sangaran Taun tiba Ahad Wage.
8. Jimakhir, Sangaran Taun tiba Kemis Pon.

## 27. PANAGAN LAN SANGARAN SASI JATINGARANG LAN RIJAL

1. A. Sasi Muharram. Jatingarang ana wetan, sirahing Naga ana lor-wetan, petit ana tengah, weteng ana lor-kulon, gigir ana kidul-wetan, nglirik ngetan, Rijal ana lor.

B. Jatingarang ana wetan, sirahing naga ana lor, weteng ana wetan, petit ana kidul, gigir ana kulon Sangarane Sabtu Ahad.

2. A. Sasi Shafar. Jatingarang ana wetan, sirahing Naga ana lor-wetan, petit ana tengah, weteng ana lor-kulon, gigir ana kidul-wetan, nglirik ngetan, Rijal ana lor.

B. Jatingarang ana wetan, sirahing Naga ana lor, petit ana kidul, weteng ana wetan, gigir ana kulon, Sangarane Sabtu Ahad.

3. A. Sasi Rabilulawal. Jatingarang ana wetan, sirahing Naga ana lor-wetan, petit ana tengah, weteng ana lor-kulon, gigir ana kidul-wetan, nglirik mengetan, Rijal ana lor.

B. Jatingarang ana wetan, sirahing Naga ana kidul, petit ana wetan, weteng ana lor, gigir ana kidul, Sangarane Senen Selasa.

4. A. Sasi Rabi'ulakhir. Jatingarang ana kidul, sirahing Naga ana kidul-wetan, petit ana tengah, weteng ana lor-wetan, gigir ana kidul-kulon, nglirik ngulon, Rijal ana wetan.

B. Jatingarang ana kidul, sirahing Naga ana kulon, petit ana wetan, weteng ana lor, gigir ana kidul, Sangarane Senen Selasa.

5. A. Sasi Jumadi'lawal. Jatingarang ana kidul, sirahing Naga ana kidul-wetan, petit ana tengah, weteng ana lor-wetan, gigir ana kidul-kulon, nglirik mangulon, Rijal ana kidul-wetan.

B. Jatingarang ana kidul, sirahing Naga ana kulon, petit ana wetan, weteng ana lor, gigir ana kidul, Sangarane Senen Selasa.

6. A. Sasi Jumadi'lakhir. Jatingarang ana kidul, sirahing Naga ana kidul-wetan, petit ana tengah, weteng ana lor-wetan, gigir ana kidul-kulon, nglirik mangulon, Rijal ana wetan.

B. Jatingarang ana kidul, sirahing Naga ana kulon, petit ana wetan, weteng ana lor, gigir ana kidul, Sangarane Rebo Kemis.

7. A. Sasi Rajab. Jatingarang ana kidul-kulon, petit ana tengah, gigir ana lor-kulon, nglirik mangulon, Rijal ana kidul.

B. Jatingarang ana kulon, sirahing Naga ana kidul, petit ana lor, weteng ana kulon, gigir ana wetan, Sangarane Rebo Kemis.

8. A. Sasi Sya'ban. Jatingarang ana kulon, sirahing Naga ana kidul-wetan, petit ana tengah, weteng ana kidul-wetan, gigir ana lor-kulon, nglirik mangulon, Rijal ana kidul.

B. Jatingarang ana kulon, sirahing Naga ana kidul, petit ana lor, weteng ana kulon, gigir ana wetan, Sangarane Rebo Kemis.

9. A. Sasi Ramadhan. Jatingarang ana kulon, sirahing Naga ana kulon, petit ana tengah, weteng ana kidul-wetan, gigir ana lor-kulon, nglirik mangulon, Rijal ana wetan.

B. Jatingarang ana kulon, sirahing Naga ana wetan, petit ana kulon, weteng ana kidul, gigir ana lor, Sangarane Jum'at.

10. A. Sasi Syawal. Jatingarang ana lor, sirahing Naga ana kidul-kulon, petit ana tengah, weteng ana kidul-kulon, gigir ana lor-wetan, nglirik mangetan, Rijal ana kulon.

B. Jatingarang ana lor, sirahing Naga ana wetan, petit ana kulon, weteng ana kidul, gigir ana lor, Sangarane Jum'at.

11. A. Sasi Zul'lkaedah. Jatingarang ana lor, sirahing Naga ana kidul-kulon, petit ana tengah, weteng ana kidul-kulon, gigir ana lor-wetan, nglirik mangetan, Rijal ana kulon.

B. Jatingarang ana lor, sirahing Naga ana wetan, petit ana kulon, weteng ana kidul, gigir ana lor, Sangarane Jum'at.

12. A. Sasi Zul'lhijah. Jatingarang ana lor, sirahing Naga ana kidul-kulon, petit ana tengah, weteng ana kidul-kulon, gigir ana kidul-wetan, nglirik mangetan, Rijal ana lor.

B. Jatingarang ana wetan, sirahing Naga ana lor, petit ana kidul, weteng ana wetan, gigir ana kulon, Sangarane Sabtu Ahad.

## 28. ISYARAT YEN NEMU GAWÉ MITURUT DINA PITU

Iki carita Hadis saking Kanjeng Nabi, yen ana sabarang prakara kang prelu, nitenana dinane, nuli nindakna isyarat kaya kang kapratelak ake ing ngisor iki, Insya Allah katutugan karepe, lan rahayu slamet sapanduwure.

1. Jum'at. Yen nemusgawe ing dina Jum'at, angkate kekemuwa dingin, lan susur, kang andarbeni laku Kanjeng Nabi Rasul.

2. Sabtu. Yen nemu gawe ing dina Sabtu, angkate nganduta lemah dinekek puser, kang andarbeni laku Kanjeng Nabi Adam.

3. Ahad. Yen nemu gawe ing dina Ahad, angkate nganggowa sesumping kang andarbeni laku Kanjeng Nabi Yusuf.

4. Senen. Yen nemu gawe ing dina Senen, angkate anataba landep, kang andarbeni laku Baginda 'Umar.

5. Selasa. Yen nemu gawe ing dina Selasa, angkate mangganga tangan ing geni, kang andarbeni laku Baginda Abu Bakar.

6. Rebo. Yen nemu gawe ing dina Rebo, angkate kudunga sinjang sakedap, kang andarbeni laku Kanjeng Nabi Yakub.

7. Kemis. Yen nemu gawe ing dina Kemis, angkate tumengaa ing langit, yen wis tumenga nuli tumungkul ing bumi, kang andarbeni laku Baginda 'Ali.

Yen linakonon nindakake isyarat kaya kang kasebut ing duwur mau, insya Allah katutugan karepe, lan rahayu slamet sapanduwure,

## 29. SA'ATE BAGINDA ALI YEN KALA MANGKAT ANGLURUG

Iki sa'ate Baginda Ali, yen kala mangkat anglurug, amicala pecaking

wayangane dewe, lan miturut dina pitu, supaya jaya perange, lan rahayu slamet sapanduwure.

1. Ahad. Yen dina Ahad, manawa wis wayangan sapuluh pecak, iku mangkata, panguwasane garuda kalah dening ula.

2. Senen. Yen dina Senen, manawa wis wayangan nem pecak, iku mangkata, panguwasane macan kalah dening menjangan.

3. Selasa. Yen dina Selasa, manawa wis wayangan rong pecak, iku mangkata, panguwasane singa kalah dening gajah.

4. Rebo. Yen dina Rebo, manawa wis wayangan pitung pecak, iku mangkata, panguwasane surya kalah dening rembulan.

5. Kemis. Yen dina Kemis, manawa wis wayangan rolas pecak, iku mangkata, panguwasane kucing kalah dening tikus.

6. Jum'at. Yen dina Jum'at, manawa wis wayangan telu-las pecak, iku mangkata, panguwasane asu kalah dening kancil.

7. Sabtu. Yen dina Sabtu, manawa wis wayangan rolas pecak, iku mangkata, panguwasane ula kalah dening kodok.

30. SA'AT NABI RINANGKEPAN SA'AT TATAL

Kanggo nikahan, utawa sabarang kekarepan becik lan perlu.

Tanggal Jawa	J a m 06.00 - 08.30	J a m 08.30 - 11.00	J a m 11.00 - 13.30	J a m 13.30 - 16.00	J a m 16.00 - 06.00
1. 6, 11, 16, 21, 26	Akhmad Pitutor	Jibrail Slamet	Ibrahim Rejeki	Yusuf Palangan	'Ijrail Pacakwesi
2. 7, 12, 17, 22, 27	Jibrail Pacakwesi	Ibrahim Pitutor	Yusuf Slamet	'Ijrail Rejeki	Akhmad Palangan
3. 8, 13, 18, 23, 28	Ibrahim Palangan	Yusuf Pacakwesi	'Ijrail Pitutor	Akhmad Slamet	Jibrail Rejeki
4. 9, 14, 19, 24, 29	Yusuf Rejeki	'Ijrail Palangan	Akhmad Pacakwesi	Jibrail Pitutor	Ibrahim Slamet
5. 10, 15, 20, 25, 30	'Ijrail Slamet	Akhmad Rejeki	Jibrail Palangan	Ibrahim Pacakwesi	Yusuf Pitutor

31. SA'AT NABI RINANGKEPAN SA'AT TATAL (SEJE RUPA)

Kanggo nikahan, utawa sabarang kekarepan becik lan perlu.

Tanggal Jawa	J a m 06.00 - 08.24	J a m 08.24 - 10.48	J a m 10.48 - 13.12	J a m 13.12 - 15.30	J a m 15.36 - 06.00
1, 6, 11, 16, 21, 26	Akhmad Pitutor	Jibrail Pangkalan	Ibrahim Pacakwesi	Yusuf Slamet	'Ijrail Rejeki
2, 7, 12, 17, 22, 27	Jibrail Rejeki	Ibrahim Pitutor	Yusuf Pangkalan	'Ijrail Pacakwesi	Akhmad Slamet
3, 8, 13, 18, 23, 28	Ibrahim Slamet	Yusuf Rejeki	'Ijrail Pitutor	Akhmad Pangkalan	Jibrail Pacakwesi
4, 9, 14, 19, 24, 29	Yusuf Pacakwesi	'Ijrail Slamet	Akhmad Rejeki	Jibrail Pitutor	Ibrahim Pangkalan
5, 10, 15, 20, 25, 30	'Ijrail Pangkalan	Akhmad Pacakwesi	Jibrail Slamet	Ibrahim Rejeki	Yusuf Pitutor

## 32. PANGUWASANE SA'AT NABI KANGGO SAMUBARANG GAWE

Iki panguwasane Sa'at Nabi kang lima mau kabeh, ing ngisor iki pratelane sawiji-wiji.

1. Akhmad. Kanggo nikahan, ngadegake omah, karaton ju-menengan, anjunjung priyayi, gawe pangulu, lamun ana sawiji ningali sarwa putih iku dadi becik, lamun amek donya gelis oleh, lamun lunga dagang utawa layara sakarepe tinekan sarwa putih lan sarwa kuning, lamun ana warta kang becik iku temen, lamun warta ala iku dora, karena ing nalika iku saking rahmatu'llah ; lamun kailangan ora tulus ilange, maksih ana ing omahe, didokok ing nduwure turu ing lempitane, kang amek wong kang nunggal sajrone omahe, sedyane den elih, lamun ana kang minggat, satone kang ilang, ora tulus ilange, lamun angadu uwong menang kang putih, kalah kang abang lan kang ireng.

2. Jibrail. Den anggo nikahan para gedhe, sabarang bangsa pundut nagih potang, njejaluk, lamun lelungan amanggih wong sawiji atine slamet, lamun perang mangidul anganggowa sarwa ijo, sebab atine madep Jibrail, kang atulung, lamun ngadu uwong menang kang ijo rada kuning, kalah kang abang lan ireng, yen dagang gelis olehe, nenandura tulus, lamun ana warta becik iku temen, yen warta ala iku dora, nalika iku tumurune Rahmatu'llah, yen kelangan gelis ketemu, kang amek wong lanang saru, budine lan ambeke, den singitaken kidul omahe, pinggir kali, sangisoring kayu kang aluhur, lamun wong minggat utawa kebo sapi ilang, iku mangidul parane gelis ketemu.

3. Ibrahim. Den anggo nyapih, misah madang mangan dewe ; puwasa, nginyakake, metot sato kewan, tetak, sunat, tindik, pasah ; lan ngambil beburon gelis oleh, memateni yekti mati, yen lelungan dagang layar manggih getih, kang den tingali rusak, aja lelungan, yen ningalana maha anekakaken kelangan, lamun kelangan barang kang ilang nora ketemu, kang amek wong lanang becik rupane mbambang awak, keras pangucap, nora nedya angulihake, den kukuhi durjanane, karepe anglaranana amateni, lamun ana wong sakit ngalamat mati, lamun ngadu uwong menang kang abang, kalah kang ireng kuning, becik madepa nengen anganggowa sarwa abang, madepa ngalor, lamun golek gaweyan oleh nanging aningali getih.

4. Jusuf. Den anggo lunga kaji, puruhita, nyuwitakake lare, mtupu lare, puwasa tingkep punika sae, lelungan becik kang tinemu tur manggih pandita lan wong agung, lan manggih banyu, dagang

layara oleh bati akeh, tur sarwa kuning, lamun ana warta becik iku linyok, lamun ngadu uwong kang kuning abang ireng iku becik, marepa mangetan, kang putih kalah, lamun ana barang ilang, wong wadon kang anek, prak-ati becik warnane, memak rambute, aris ambeke, lamun wong lanang kapanggih uga, nanging lawas, lamun wong minggat utawa kebo sapi ilang, mangetan parane, ketemu nanging lawas.

5. 'Ijrail. Kanggo peparing, nggeganjar, anumbali, pepager, gawe prajurit nitipriksa barang, nyampuri barang, nggunani wong, njabane iku ala, karena iku tibaning bilahi, lamun ana warta ala iku temen, yen warta becik iku dora, lamun ngadu uwong menang kang abang ireng, madepa mangulon nganggowa sarwa ireng lan abang, lamun dagang rusak tan bati, nenandura ora tulus, lamun barang ilang utawa wong minggat ora ketemu, wong kang durjana salawase nora nedya becik, dedege duwur ireng, saranane ala pangucape.

### 33. KARYANE DINA PITU KANGGO SAMUBARANG GAWÉ

Iki ana bab maneh ingaran Karyane Dina pitu, manawa karsa sabarang karep, miliha dina kang prayoga, manawa wis sela saka kang wis sinebut Na'as Nabi, Sangaran Taun lan Sangaran Sasi :

1. Ahad. Den anggo ngadegake pawon utawa gawe pawon, ngobong bata, ambendung kali, ngilekake susukan, njamoni wong, njamoni kewan sikil pat, sikil loro, iku becik, yen takon wong lara, teka bencanane dewe, utawa setan, nuli tambanana kang aweh lara, yen takon brana ilang, wong wadon kang amek, tur pawong sanake dewe, omahe elor, yen wong ngalor parane, yen lungan tunggal parane, yen takon ama laba, wetan kang ngarani tur kapit ing tumbal yen takon lare jro wetengan, yen urip larene, sugih utang wong-tuwane, yen takon laki-rabi ora atut, yen Ahad Pon lara kawongan, Ahad Kliwon panggawene uwong, Ahad Legi parek marang patine Ahad Paing iku pitulungan, yen lingsir surup srengenge iku tan kena tinambanan, yen barang ilang iku kajupuk sanake dewe, cendak gulune impur lakune, awulu langsep cuwik raine, lor omahe, den singidaken ing alas, nuli upayanen mesti kapanggih, lan sarate angrasulana angung dahar Kanjeng Rasul, ayame putih mutus.

2. Senen. Ing dina iki prayoga den anggo dadi piyayi, gawe bekel, ngadegake omah, ngelihi omah, gawe pandapa gandok, bale mangu pasanggrahan gedogan lan kandang sadaya wau sae, yen wong lara margane saking duwe niat ujar becik marang wong tuwane durung ~~makon~~, iya wong-tuwane bakal dipengadeg ; (dipisungsung barang sandangan sapangadeg), tibane lara saka ing latar,

yen barang ilang wong wadon kang amek, lemes rambute, landung talingane yen ngucap manis arum, tuntung nyenyengit, ulat celom, den sigidaken pomahane pawon, prenah lor ing omahe, yen wong minggat ngidul-ngetan parane, yen wong lungan meh teka mampir omahe mitrane, lamun takon lare jro wetengan iku ewuh uripe, yen takon jatu krama kulon omahe, rupane ireng memak rambute, kawong sesama, Soma Manis larane marga ing latar. Soma Paing ana niyate durung kalakon, Senen Pon lara saking kaki, Senen Wage lara saking panggawene uwong. Senen Kliwon kena kayu doyong, kang awah lara prenahe lor-wetan, nuli sidekaha ayam barumbun, olahen sego wuduk, kang sarwa suci, kembang boreh kutug menyan aja kari.

3. Selasa. Kanggo gawe keris, nyepuhi, marangi, tetak, tindik, sunat, pasah, misaya, nggunani wong, yen wong lara manggih wengi, lan manggih ujar becik durung kalakon ngleksanakake ujar mau marang wong tuwane, larane kapit pomahane, yen tekane lingsir ora oleh tamba, yen tekane sore mati, yen barang ilang wong lanang kang amek, mbambang-awak akas rambute, ulat manis, cupet irunge, den singidaken ing tanggane, yen wong minggat ngalor parane, upayanen mangidul arep mulih, yen kebo sapi ilang lor-wetan enggone, yen wong lelungan lawas ulihe, yen takon lare jro wetengan ewuh uripe, yen takon jatu krama lor omahe, kuning mbambang awak, akas rambute abang pucuke, yen takon wong laki-rabi atut, wekasane pegatan, yen lara margane saka kayu prenahe lor. Selasa Legi ana niyate durung kalakon. Selasa Paing oleh walat saka gurune, Selasa Pon, oleh laknating bapa, Selasa Wage kena panggawening uwong, tikus pinendem ana ing ngarepe lawang, iku upayanen mesti kapanggih, iku warase kang lara, Selasa Kliwon, lara kawongan, atine kisruh.

4. Rebo. Kanggo mbedahi panganggo, nenandur, njamoni wong, gawe lawang pawon, pakiwan, kakus, pepager, golek iwak, nggebiri jago, yen lara marga saka kayu kang aluhur ngaubi pomahan, lan ana niyate durung kaluwaran, lan angalap duweke wong tuwane, sidekaha tumuli kaping pitu sadina, aja lali boreh lan lombok abang, yen ora kalakon tumuli mati, yen teka sore pitulungan, yen barang ilang wong lanang kang amek, kuning kulite rambute, gedé gulune, kandel lambene, erang-erang dedege, den singidaken kidul, yen kebo sapi ilang tunggal parane, kaya wong minggat den singidaken kebon elor kayu gedé, yen takon wong laki rabi tetukaran, yen lare jro-wetengan urip, yen takon jatu-krama kidul omahe, kuning ereng-ereng awake, lemes rambute, Rebo Paing, oleh lara saking sawah, Rebo Pon oleh lara saking wetan, Rebo Wage oleh lara saking lung-

guh, Rebo Kliwon lara saka panggawening uwong, pinendem ing jogan kidul-kulon prenahe, upayanen mesti kapanggih ing kono.

5. **Kemis.** Ing dina iki den anggo dadi priyayi, utawa niksa priyayi, nganyari barang wesi, masjid, gandok, lumbung, ngunggahaken pari ing lumbung, maguru utawa mejang ngelmu iku becik, yen takon wong lara marga kena laknate wong tuwa, lan ana kayu kang ngaubi omah kanggonan banaspati, kang awch lara iya iku, pomahan bolongen lan ana niyate durung luwar sidekaha sarwa suci, yen takon esuk pitulungan, yen teka dawuh pindo niyate kang kataliban, yen teka tengange kapit ing lara, yen teka lingsir kasengkala setan, yen teka sore angelisahaken, yen barang ilang wong wadon kang amek, madya dedege rompek awake, landung talingane ngronje awake, lemes rambute, alit darijine, ing watake angrasani kabecikan, den singidaken luhuring omah, yen kebo sapi ilang tunggal parane ngulon, yen takon wong lelungan tengen ulihe kasandung dening wong wadon, yen takon wong laki-rabi tan asih, yen takon pomahan kidul-wetan, yen takon jatu-krama kidul omahe, tugel alise, yen takon lare jro wetengan urip larene, nanging ramakane katuju baya. **Kemis Legi** oleh laknating wong tuwane, **Kemis Paing** oleh laknating masjid. **Kemis Pon** oleh laknat saka wetan omahe, **Kemis Wage** oleh laknat ujure durung kaluwaran, **Kemis Kliwon**, lara kawongan kena panggawene uwong, rambute dipendem upayanen mesti kapanggih, lan sidekaha.

6. **Jum'at.** Ing dina Jum'at iku kanggo nganyari masjid, mulang lare ngaji tuwin maca, nikahan, mejang ngelmu, mancasi nalar, gawe prau, gawe lawang, nata pamajegan, iku kabeh becik, yen takon wong lara marga wali carma lemah prenahe lor-wetan, lan ana banaspatine, kasilep saking omah kang lor-wetan, lan ana niyate-saka wong-tuwane durung kalakon luwar, sidekaha kupat, lan wong tuwane kang mati lumaku disidekahi, yen teka esuk lemah kang awch lara, yen teka bedug, niyate kataliban, yen teka sore tunggal kang awch lara, rebut sih, yaiku sidekaha ulam lembu, lamun duwe barang ilang kataliban dening wong wadon, pideksa dedege akas rambute balut netrane, cendak darijine, lakune nyalimpet semo egol, omahe lor-wetan, den singidaken sumur mati sanding pawon, yen wong minggat ngalor-ngetan parane, ngalamat katemu, yen takon wong lelungan tangen tekane, kasaput dening wong wadon, lagi asih sinapa dening wong wadon, yen takon lare jro wetengan urip ananging bapa-biyunge sakit, yen takon jatu-krama lor-wetan, mbambang-awak pasagi dedege, lemes rambute, yen **Jum'at Legi** lara saking wong tuwa, **Jum'at Paing** saking niyate durung luwar, **Jum'at Pon** kena lakune wong-tuwane lanang-wadon.

7. Sabtu. Ing dina Sabtu, kanggo gawe sumur, gawe rumpon, gawe regol, lawang butulan, gawe lumbung, gawe kandang gedogan, amisaya uwong iku becik, yen takon wong lara manggih wani wong marga tetukaran, sidekaha kang nganti kalakon, yen tan kalakon tansah lara, yen kalakon semayane sadina sawengi mesti nuli waras ; kapidursilane durga ana ing saka wolu, terkadang ana ing sumur mati, sidekaha sarwa mentah, yen teka esuk larane teka pangucap lan upas, yen teka dawuh tiga larane pati, teka laknate wong-tuwa, yen barang ilang wong wadon kang amek, tunggal wismane, dedege andap alit ireng, akeh rambute, den pendem ing lemah, den sasabi watu, ana kidul, yen wong minggat mangidul parane metu kulon, kang minggat ala atine, yen takon, wong lelungan tangeh tekane, kasaput dening wong wadon, yen takon wong laki-rabi atut, andulur adol atuku laris, yen takon jatu-krama kidul bener, mbambang awak pasagi dedege, lemes rambute, yen Sabtu Paing eling santrine laleyan, mungguh rupaning uwong kakon aten, sira den prayitna, ing sabarang solahing uwong muna lan muni, agaweya tanda solahing wong mati.

#### 34. PETUNG BARANG ILANG PETUNG PITU

Iki maneh petung barang ilang, manawa ana barang ilang, adoh cedake kang anjupuk, manawa kasumurupan sanalika, kapetanga saka neptuning dina lan pasaran, dene manawa ora kasumurupan sanalika, iya apa dinane nalika kasumurupan iku bae, yen iku kang kanggo ngetung, kaya ing ngisor iki etunge :

1. Naga, manawa tiba Naga, ora karuhan kang anjupuk rentah ilange.
2. Panagan, manawa tiba Panagan, kang anjupuk iya pada rowange dewe.
3. Basu, manawa tiba Basu, kang anjupuk iya pada tunggal latar.
4. Tanu, manawa tiba Tanu, kang anjupuk tanggane let pager.
5. Bramana, manawa tiba Bramana, kang anjupuk wong priman.
6. Watu, manawa tiba Watu, kang anjupuk kasingsal ora karuhan.
7. Gajah, manawa tiba Gajah, iku wis adoh parane.

#### 35. PETUNG BARANG ILANG PETUNG PAPAT

Iki iya petung Barang Ilang maneh, iya uga angetunga neptuning dina lan pasaran, kaetunga nalika ilange utawa nalika konangane ilange kaya ing duwur mau ing ngisor iki wilangane :

1. Pitik, manawa tiba pitik, kang anjupuk pada rowange tunggal sapangon.
2. Benik, manawa tiba Benik, pada rentenge kang anjupuk.
3. Cumbu, manawa tiba Cumbu, adat gampang ketemune maneh . . . . .
4. Epleng, manawa tiba Epleng, ora ketemu.


### 36. PATUNG PASATUWAN CUKUP PEPAK

Miturut pangandikane Kanjeng Nabi Adam. Miturut Dawuh dalem Inggang Maha Agung. Miturut jaman Kabuddhan. Miturut karsane Sang Aji Saka. Miturut Dawuhe Kanjeng Para Wali. Lan Pasatuwan liya-liyane maneh.

- I. Sala'llahu 'alihi wassalam. Iki pangandikane Kanjeng Nabi Adam, kaliyan Kanjeng Nabi Rasul : Umat-ingsun ingkang mburi keru, pasatuwan iku mung ngetunga lanang oleh wadon, kang pada parenge.
- II. Sala'llahu 'alaihi wassalam. Dawuh-dalem Inggang Maha Agung : Pasatuwan iku, kang rukun marang wong-tuwane lanang utawa wadon, lan pikire kang pada rujuke, iku rupane jodo salawase.
- III. Dene jaman Kabuddhan, kang aran pasatuwan iku, kang pada parenge bocahe, yen nari wus pada parenge bocahe, lan kalane sampun kel, kang kasaidan para pinisepuh sadaya.
- IV. Dene karsane Prabu Saka, iya iku kang kasebut Sang Aji Saka, pasatuwan iku, jenenge bocah lanang lan wadon kajupuk aksarane sirahing jenenge lan angkane wilangan.

Sawise nyumurupi aksarane sirahing jenenge bocah lanang lan wadon, banjur kanggo waton nyumurupi angka wilangane aksara mau, lanang wadone kakumpulake dadi siji, pira ketemune gung-gunge, sawise kabuwang pitu-pitu yen kari :

1. Asih alaki, watake rukun, tunggal karep.
2. Kemaron sih, watake kerep padu, sulaya pikire.
3. Sukarta, watake pakewuh ora tulus laki rabi.
4. Kalutaka, watake ora becik, mati salah siji.
5. Mantri suka, watake becik, enggal oleh pangkat.
6. Suka sugih, watake enggal dadi sugih lan awet.
7. Lintang purnama, watake hwiwih becik, kasembadan sabarang sedyane.

	Ma 16	Ga 17	Ba 18	Ta 19	Nga 20	
Nya 15	Lor  Kidul					1 Ha
Ya 14						2 Na
Ja 13						3 Ca
Da 12						4 Ra
Pa 11						5 Ka
	10 La	9 Wa	8 Sa	7 Ta	6 Da	

V. Lan maninge karsane Sang Aji Saka, tumrap jenenge mau milih aksarane sirahing jenenge lanang lan wadon yen golongane aksara lor oleh golongane aksara kidul iku ala, dibasakake nglangkahi gunung pawaka, yen golongane aksara kulon oleh golongane aksara wetan iku ala uga, gondang-kasih arane, dene paribasane ora ngamohake kalasa siji, iya iku kalah salah siji, beja-bejane mung pegatan bae, dene kang becik yen golongane aksara wetan oleh wetan, yen kulon pada kulon, yen kidul pada kidul yen lor pada lor, yen ora oleha pada panggonan, iya oleha kang mili, tegese wetan oleh kidul kidul oleh kulon, kulon oleh lor, lor tepung oleh wetan iku sapira ala-alane, nanging kena disengkakake.

VI Dene dawuhe Kanjeng Para Wali :

a). Kang kanggo pasatuwan iku, kalairane ing bocah lanang kalawan wadon, kinumpulake sapira neptuning dina lan pasaran, kang becik bisaa oleh petungan ganjil.

b). Dene manawa kang kanggo metung pasarane, manawa tiba tunggal pasarane iku aran rujuk, iku kang jodo.

c). Arane kang kanggo milang nikahe, yen ora rujuk jenenge dewe, iya disalinana aran Ni Bumi lan Ki Wiji.

VII. Dene jodone wong laki-rabi mau, kang wus sinebut rujuk ing pikir, utawa sinung rejeki, dening Allah ta'ala, para Nabi Wali sadaya, iku pada ngupayaa sadurunge dadi pareng, yen wus kabacut ewuh pikire wong-tuwane, becik takokna sadurunge perang dingin, yen wis rujuk nuli takokna, yen dasar pareng iku rupane jodo.

VIII. Dene yen nembung nakokake bocah wadon mau, nganggo wa etung dina pasaran, ketemu pira neptune, nuli winilang kalawan iki etunge : Somah, Duda, Randa, Sida, Riya.

1. Somah, tibaning petung, iki kang becik.

2. Duda, tibaning petung, kang lanang ora aweh.

3. Randa, tibaning petung, kang estri ora aweh.

4. Sida, tibaning petung, iku bisa kadadiyan manawa oleh pangestune gurune.

5. Riya, tibaning petung pawong sanake kang ora aweh.

Yen nembung marang wong kang omahe marep mangidul (upamane), diaraha kang duwe omah mau nalika nemoni aja marep mangidul, yen marep mangidul kang duwe omah, iku kang nembung kalah, dene yen kang duwe omah mau bisa nemoni marep mangalor kang nembung bisa nemoni marep mangidul mesti menang.

IX. Petung Pasatuwan Ganjil, umpamane :

Ahad Kliwon  $5 + 8 = 13$ , jodone :

1. Selasa Pon  $3 + 7 = 10$  )

2. Jum'at Wage  $6 + 4 = 10$  )

3. Ahad Legi  $5 + 5 = 10$  ) sarwa ganep

4. Kemis Wage  $8 + 4 = 12$  )

Senen Legi  $4 + 5 = 9$ , jodone :

1. Ahad Pon  $5 + 7 = 12$  )

2. Rebo Legi  $7 + 5 = 12$  ) sarwa ganep

3. Kemis Wage  $8 + 4 = 12$  )

4. Sabtu Paing  $9 + 9 = 18$  )

Selasa Paing  $3 + 9 = 12$ , jodone :

1. Jum'at Paing  $6 + 9 = 15$  )

2. Sabtu Wage  $9 + 4 = 13$  )

3. Rebo Wage  $7 + 4 = 11$  ) sarwa ganjil

4. Jum'at Legi  $6 + 5 = 11$  )

5. Kemis Pon  $8 + 7 = 15$  )

Kemis Wage  $8 + 4 = 12$ , jodone :

- |                             |   |              |
|-----------------------------|---|--------------|
| 1. Jum'at Pon $6 + 7 = 13$  | ) |              |
| 2. Sabtu Wage $9 + 4 = 13$  | ) |              |
| 3. Rebo Wage $7 + 4 = 11$   | ) | Sarwa ganjil |
| 4. Jum'at Legi $6 + 5 = 11$ | ) |              |

X. Ing petung kang kasebut ing duwur iku, kajaba wong mursal, utawa labet ala, yen nganggo Pasatuwan Para Wali :

a) Kang becik nganggowa kumpule wong loro mau, lanang lan wadone, tinemune kang tiba ganjil, iku becik, kang ingaran gatak pikire,\*) dene kang tinemu ganep watake ala kabeh. †).

b) Mungguh tinemune kang becik kaaraha tunggal paturone, iya iku umpama Wage pada Wage, yen Legi pada Legi. Pon pada Pon Kliwon pada Kliwon, Paing pada Paing.

c) Denen etunge kanggo panikah, anganggowa dina saka pangauripane dewe, kang metu saka dina palintangane, amung anyingkirana Na'ase dewe, utawa Na'as Nabi, Sangaran Taun lain Sangaran Sasi, kaaraha selane, dene kang kanggo ngetung, njupuka neptuning dina, pasaran, sasi Jawa (1-12), taun Jawa (1-8), lan kaping pi-ra tanggale Jawa (1-30), etung neptu limang bab mau banjur kakumpulna dadi siji, banjur binuwang telu-telu, kan kariya telu, manawa kari loro panganten ana wali ilang, manawa kari siji wali ana panganten ilang, yen kari telu iku pepak, wali panganten pengulu dununge. Ing ngisor iki pratelane pasatuwan kang tinemu ganep, sarta katerangane.

36. Kena sandungan kaluputan ing sabarang karyane.
34. Kangelan saking ana sabarang pikire tansah susah bae.
32. Kerep lara awake utawa pikire lan sandang pangane.
30. Kerep kelangan nanging rukun pepikirane lan gawene.
28. Kangelan kasiyal-siyal saking putrane.
26. Ora manjat marang gawene, tuna mati anake.
24. Kelangan saben dina, boros ing sabarange.
22. Larang anak kangelan anggung sugih arta.
20. Malarat karusakan mati salah siji.
18. Tuna liwat barang pikire, kangelan katreka ala.
16. Kapaten anak gede, katunan salawase urip.
14. Kerep ngalih kamalingan saben dina, susah ing pikire.

XI. Iki ana maneh Petungane Wong Laki-Rabi, kang ana bejane lan kang ora ana bejane, kinumpulna angka aksarane lapang lan wadon, buwange nem-neman, yen kari :

1. tiba Lawang, rejekine sanget tekane, lan sanget lungane.
2. tiba Gedong, bisa simpen wong iku.

3. tiba Omah, bisa simpen rejeki lan slamet.
4. tiba Bale, boros wong iku.
5. tiba Pawon, ora kasusahan wong iku.
6. tiba Latar, kasusahan wong iku salawase.

---

*\*) Dene kang ingaran becik, kumpule wetone wong loro mau kang tinemu ganjil, iya tinemu 35, 33, 31, 29, 27, 25, 23, 21, 19, 17 utawa 15.*

*\*) Dene kang ingaran becik, kumpule wetone wong loro mau kang tinemu ganjil, iya iku tinemu 35, 33, 31, 29, 27, 25, 23, 21, 19, 17 utawa 15, iku pada becik kabeh.*

*+) Dene kang petung tinemu ganep mau ala kabeh, pada den prayitna sabarang panggaotane, angupaya pangane dewe, beja-bejane yen sinung rejeki dening Allah kuciwa larang anake, manawa sugih anak kuciwa kurang rejekine, mula pada muriha kang petung ganjil, akeh mupakate, yen ana bejane oleh ganjaraning Pangeran, sugih anak lan bisa angingoni.*

XII. Iki petunging Pasatuwan maneh, kaetunga saking wetone bocah lanang lan wadon, sapira neptune kakumpulake dadi siji, nu li binuwang pitu-pitu, yen kari :

1. Pisang punggol, watake manawa duwe anak siji, yen lanang kalah bapake, yen wadon kalah biyunge.
2. Sanggar waringin, watake ayem sarta wilujeng, salawase.
3. Gedong rembulan, watake enggal sugih, nanging asring kapandangan.
4. Bale, kadawang, watake panas ing patileman, asring sakit.
5. Gajah plasungan, watake wilujeng, nanging yen duwe anak wis diwasa ajal.
6. Warak pengungrungan, watake bisa golek pangan, nanging ora bisa simpen.
7. Garangan macam, watake gampang golek sandang pangan, nanging asring den apusi ing wong.

### 37. PETUNG SANDANG PANGAN.

Iki Petung Sandang Pangan, iya iku petunge wong bisa golek sandang pangan, lan wong kang bisa mbuwang, utawa bisa simpen, den etunga neptuning dina lan pasaran wetone, buwangane telu-telu, yen kari :

1. Cucuk, watake wong iku bisa golek.
2. Teleh, watake wong iku bisa simpen.
3. Silit, watake wong iku mung bisa mbuwang bac.

38. ENTAR-ENTARAN SRI SADDHANA

Sandang-Panganing manusa miturut dina lan pasaran kalairane.

KUMPUL NEPTUNING DINA LAN PASARAN WETONE/KALAIRANE MANUSA

Wilangan	7		8		9		10		11		12		13		14		15		16		17		18		Wilangan
	Umur taun	Sandang pangan	Umur taun	Sandang pangan	Umur taun	Sandang pangan	Umur taun	Sandang pangan	Umur taun	Sandang pangan	Umur taun	Sandang pangan	Umur taun	Sandang pangan	Umur taun	Sandang pangan	Umur taun	Sandang pangan	Umur taun	Sandang pangan	Umur taun	Sandang pangan	Umur taun	Sandang pangan	
1	6	4	6	4	6	2	6	1	6	2	6	0	6	3	6	1	6	2	6	0	6	1	6	2	1
2	12	1	12	1	12	4	12	0	12	4	12	5	12	1	12	0	12	0	12	3	12	1	12	5	2
3	18	4	18	0	18	1	18	4	18	1	18	1	18	0	18	4	18	1	18	1	18	0	18	0	3
4	24	1	24	1	24	1	24	1	24	1	24	0	24	5	24	4	24	1	24	2	24	5	0	1	4
5	30	0	30	0	30	8	30	1	30	1	30	4	30	0	30	4	30	5	30	0	30	0	4	0	5
6	36	2	36	3	36	1	36	3	36	1	36	1	36	1	36	0	36	2	36	1	36	1	1	1	6
7	42	2	42	0	42	0	42	0	42	0	42	4	42	1	42	0	42	0	42	3	42	1	4	0	7
8	-	-	-	7	-	1	-	0	-	1	0	4	-	5	4	0	-	1	3	1	-	5	0	8	
9	-	-	-	-	-	4	-	6	-	2	1	4	-	2	4	1	2	2	2	2	2	2	1	9	
10	-	-	-	-	-	6	-	4	-	0	0	4	-	0	0	4	5	5	7	7	0	4	0	10	
11	-	-	-	-	-	-	-	-	-	2	4	4	-	1	2	0	5	5	2	2	2	1	4	11	
12	-	-	-	-	-	-	-	-	-	-	72	0	-	2	0	7	1	1	0	0	0	2	0	12	
13	-	-	-	-	-	-	-	-	-	-	-	-	-	78	5	4	0	0	7	7	5	5	0	13	
14	-	-	-	-	-	-	-	-	-	-	-	-	-	-	-	4	4	4	1	1	5	4	4	14	
15	-	-	-	-	-	-	-	-	-	-	-	-	-	-	-	-	84	4	84	0	84	5	4	15	
16	-	-	-	-	-	-	-	-	-	-	-	-	-	-	-	-	90	1	90	2	90	1	1	16	
17	-	-	-	-	-	-	-	-	-	-	-	-	-	-	-	-	96	-	96	-	96	0	4	17	
18	-	-	-	-	-	-	-	-	-	-	-	-	-	-	-	-	-	-	-	-	102	4	0	18	
18	-	-	-	-	-	-	-	-	-	-	-	-	-	-	-	-	-	-	-	-	108	-	1	18	

### Keterangane Entar-entaran Sri Saddhana.

Iki Entar-entaran Sri Saddhana, sadurunge ana araning dina lan pasaran, iku pratingkahe yen arsa ngawikani dawa-cendaking yuswa, lan begja-cilakane (pasang-suruting sandang-pangan), mangka den etunga neptuning dina lan pasaran, iku tinemu pira, kalairane wong iku, nuli pinukul kaping nem, iku dadi pira, iya iku yuswane kang darbe kalairan, yen arsa ngawikani sugih lan miskinining manusa, dina lan pasaran nalika laire wong iku tinemu pira neptune iku tumrapping angka kang duwur mau, mangka aningalana angka rong prakara kang ciri sastra kang muni umur, iya iku dawa-cendaking yuswa, sastra kang muni sandang-pangan, iya iku tandane sugih-miskin, ing nalika kawruhan sandang-pangan iku, yen nuju das pinuju cilaka, yen angka siji mung bisa mangan, yen angka loro mung bisa nyandang mangan, yen angka luwih saka loro pratanda bisa simpen, yen angkane sangsaya akeh sayekti sangsaya gung begjane.

### Purwaning Tingkah Sri Saddhana.

Purwaning Tingkah Sri Saddhana iki, agaweya pomahan anuta neptuning dina lan pasaran, dek nalika laire wong iku, ing kono den isenana kalih-kalih yens wis, nuli kalakokna kaya carane dakon, yen ngarepe suwung wis mandeg, mangka den tingalana isining siji-sijine, kang suwung, kang akeh isine kang becik, yekti kadi kang wus ginambar ing duwur iku.

### 39. WATAKING SASI KANGGO NGEDEGAKE OMAH GEDE UTAWA CILIK

Iki etung wataking Sasi, kang ala lan kang becik, yen kanggo ngedegake omah gede utawa cilik, milih sasi kang kasebut becik, ing ngisor iki pratelane :

1. Muharram, kobongan susah atine banjur ngalih omah.
2. Shafar, becik akeh rewange pada bebarengan tekane.
3. Rabi'ulawal, geringan gelis mati lanang wadon.
4. Rabi'ulakhir, becik rahayu tulus sabarange reja.
5. Jumadi'lawal, becik akeh nalare lan pikire.
6. Jumadi'lahir, becik akeh sanak kang asih pada teka kabeh.
7. Rajab, ala sinangga sato galak pada prapta bengi.
8. Sya'ban, wineden ing janma, akeh rejekine, akeh pitutur becik, ketekan kajate.
9. Ramadlan, luwih becik katekan mas salaka kang suci.
10. Syawal, ala gelis ngalih saking omahe kono.
11. Zu'lkaedah, sugih rejeki kang para suci, saliyaning wong.
12. Zu'lhidjah, tinekan kebo sapi, sarta sabarange tulus.

#### 40. PAMILIHING SASI KANG BECIK

Bapak Pucung : ngedegna sabarang iku.  
priyayi lan wisma,  
miliha Rabiul'akhir,  
Madi'lakhir Rajab Sya'ban lawan Besar.

#### 41. DINA KANGGO NGADEGAKE OMAH

Iki petung yen arep Ngadegake Omah, gede utawa cilik, angetunga neptuning dina lan pasaran, kakumpulake dadi siji, banjur kawilang nganggo etung papat ing ngisor iki :

Bumi, Janma, Wana, Kapetak.

1. Kaaraha tiba Bumi, watake tetep kukuh rahayu slamet.
2. Yen tiba Janma, durung sataun kamalingan utawa kesayaban.
3. Yen tiba Wana, geringan kateluh brekasakan, banjur lara wusana mati.
4. Yen tiba Kapetak, durung nganti sataun sirna mati kang darbe wisma.

Prayogane miliha kang tiba petung Bumi mau, lan kaaraha dina kang sela, lire aja nganti nierak dina Na'as Nabi, Sangaran Taun lan Sangaran Sasi, iku singkirana, dina kang wis ingaran ala mau kabeh.

#### 42. MANTRAM KANGGO NUTUTAKE SATO KEWAN

Iki pranti mantram, yen arep Nanutut marang sato Kewan, iki mantrane : Saka leka, saka leku, singa buntut idepa adepe idepku, tutut saujarku :

Dene yen arep ngelus-elus sabarang kewan, iki mantrane : Singa wulu singa buntut ingusapan dening Pandawa lima, tutut saujarku.

#### 43. DINA KANGGO TUKU SATO KEWAN

Iki petung manawa arep tuku sato sikil papat utawa sikil loro, yen arep bayaran duwit, tekaa ing kandang utawa gedongan, sarta manawa manjingake ing kurungane anyar, kapetunga saking neptuning dina lan pasaran, kakumpulake, banjur kapetung nganggo wilangan lima ing ngisor iki :

Suku, Watu, Gajah, Buta, Ratu.

Kang becik tibaa wilangan Buta, utawa tiba wilangan Ratu.

#### 44. PETUNG KANGGO MIKAT MANUK PERKUTUT

Iki petung kanggo yen Mikat manuk Perkutut, utawa ngelih marang kurungane anyar, apa maneh kanggo yen njaluk tuwin tuku, apa dene yen anjamoni kang bangsa sikil loro, metunga neptuning dina lan pasaran, kakumpulake, banjur kapetung nganggo wilangan papat ing ngisor iki :

Dina, Sasi, Tahun, Windu.

Karaha tiba wilangan Dina, iku becik.

#### 45. PETUNG KANGGO SOWAN WONG GEDE

Iki petunge kanggo wong yen arep sowan marang wong gedhe, angetunga tanggale sasi Jawa nuju tanggal kaping pira, banjur kawilang nganggo etung papat ing ngisor iki :

Esri, Teka, Mangkawa, Duka.

1. Yen tiba Esri, iku becik.

2. Yen tiba Teka, iku sareh.

3. Yen, tiba Mangkawa, iku kasusahan pikir.

4. Yen tiba Duka, banjur baliya disik.

#### 46. PETUNG KANGGO LELUNGAN ADOH MITURUT NEPTUNING DINA LAN PASARAN

Iki petunge wong yen arep Lelungan Adoh, amilanga neptuning dina lan pasaran, kakumpulake, banjur kawilanga nganggo etung lima ing ngisor iki :

Suku, Watu, Gajah, Baya, Ratu.

1. Yen tiba Suku, mung oleh kesel.

2. Yen tiba Watu, tansah kasandung-sandung.

3. Yen tiba Gajah, iku becik.

4. Yen tiba Baya, nemahi bilahi.

5. Yen tiba Ratu, iku prayoga.

#### 47. PETUNG KANGGO LELUNGAN ADOH MITURT TANGGAL JAWA

Iki petung maneh, yen arep Lelungan Adoh, kapetung saka tanggale sasi Jawa nuju tanggal kaping pira, iku wis ana watake dewe-dewe.

1. Tanggal

2. Tanggal

1. tan ana labane.

2. oleh laba.

- |             |   |
|-------------|---|
| 3. Tanggal  | 3. ala, tan ana laba.                   |
| 4. Tanggal  | 4. rekasa ing marga.                    |
| 5. Tanggal  | 5. manggih laba.                        |
| 6. Tanggal  | 6. manggih laba, ilang karyane          |
| 7. Tanggal  | 7. prayoga, manggih rahmating Pangeran. |
| 8. Tanggal  | 8. gering ana ing paran.                |
| 9. Tanggal  | 9. nemu pakewuh, nemu pati.             |
| 10. Tanggal | 10. nemu laba rahayu.                   |
| 11. Tanggal | 11. becik, nemu laba.                   |
| 12. Tanggal | 12. ora nemu laba.                      |
| 13. Tanggal | 13. oleh utang.                         |
| 14. Tanggal | 14. becik, nemu laba.                   |
| 15. Tanggal | 15. becik, oleh rahayu.                 |
| 16. Tanggal | 16. ora oleh laba.                      |
| 17. Tanggal | 17. nemu rahayu.                        |
| 18. Tanggal | 18. nemu laba.                          |
| 19. Tanggal | 19. becik, rahayu.                      |
| 20. Tanggal | 20. gering ing marga.                   |
| 21. Tanggal | 21. susah aneng paran.                  |
| 22. Tanggal | 22. luwih rahayu.                       |
| 23. Tanggal | 23. ora oleh laba.                      |
| 24. Tanggal | 24. becik.                              |
| 25. Tanggal | 25. ala.                                |
| 26. Tanggal | 26. nemu pati.                          |
| 27. Tanggal | 27. ala.                                |
| 28. Tanggal | 28. oleh laba.                          |
| 29. Tanggal | 29. manggih rahmat.                     |
| 30. Tanggal | 30. oleh utang ing paran.               |

#### 48. PETUNG WONG LARA

Iki petung Wong Lara njaluk tamba, kapetunga saking neptuning dina lan pasaran, kakumpulna, banjur kawilanga etung papat-ing ngisor iki :

Sabda, Guna, Warna, Pralaya.

1. Yen tiba Sabda, iku ujare dewe.
2. Yen tiba Guna, iku den panggawe ing wong.
3. Yen tiba Wana, iku ginangu ing demit.
4. Yen tiba Pralaya, iku mesti mati, warasa lawas.

#### 49. PETUNG WONG LARA (SEJE RUPA)

Iki etunge Wong Lara, kaetunga saking neptuning dina lan pasaran, saking tibaning lara, banjur kawilang nganggo etung papat ing ngisor iki :

Ujar, Wanteya, Ula-bandotan, Rasulu'llah.

1. Yen tiba Ujar, kena saka ujure dewe.
2. Yen tiba Wanteya, lara sungun, kasengkala sajroning omahe dewe.
3. Yen tiba Ula-bandotan, lara salat, kena sengkala saking dedalan.
4. Yen tiba Rasulu'llah, lara saka ganjaraning Allah.

#### 50. PETUNG LAKUNING NAGA DINA.

Iki petung lakuning Naga Dina, yen karsa nganggo iku becik, yogya kaengetana.

1. Ahad. Sirah kulon, buntute wetan bener.
2. Senen. Sirah kidul, buntute lor bener.
3. Selasa. Sirah wetan, buntute kulon bener.
4. Rebo. Sirah lor, buntute kidul bener.
5. Kemis. Sirah lor-wetan, buntute kidul-kulon.
6. Jum'at. Sirah lor-kulon, buntute kidul-wetan.
7. Sabtu. Sirah kidul-kulon, buntute lor-wetan.

#### 51. WATAKING BUMI

1. Yen bumi andap wetan luhur kulon, iku sirna pasakit watake, nanging tan lulus pala-krama.
2. Yen bumi andap kilen luhur wetan, aran Sri Saddhana, watake rebut basa lan rabine, kerep kelangan, pangrasane sengit mitrane, tangga teparone pada sengit.
3. Yen bumi kidul banyune, sarta pipit desa kiwa tengen, aran Sekar Sinom, akeh arta kerep kelangan, sinung pagaweyan cuwa ing karsa, kelangan anak rabi.
4. Yen bumi andap kidul luhur lor, aran Gelagah Tinunu, watake langar wicara.
5. Yen bumi andap lor luhur kidul, aran BumiRasa, watake akeh rabine, sugih donya, sugih putra, sanak rewang pada asih.
6. Yen bumi kinampung ancala, aran Kawula Katubing Bala, watake kinaluluting donya, sanak sadulur pada asih.
7. Yen bumi kinampung banyu, utawa jrambahe metu banyune, aran Sigar Panjalin, watake suwala marang sanake.

8. Yen bumi kulon ana ancala, lebak wetane, aran Angelak, watake wong kang awisma ing kono, ana wonge ngamuk.
9. Yen bumi umob toya, Singa Meta arane, watake kerep lara.

## 52. PANULAKING BUMI KANG ALA

1. Yen bumi iku ala, tulake kataneman wit Cocorbebek, katanema padoning pakarangan kang taretip. -
2. Yen bumi Sri Saddhana, tetulake kataneman Pisang Klutuk, katanema padon lor-wetan.
3. Yen bumi Sekar Sinom, tulake kataneman Asem lan Dalima

## 53. WALIYU'LLAH ING TANAH JAWA

Iki pratelane Kanjeng Waliyu'llah ing tanah Jawa, ing sasedane Kanjeng Susuhunan ing Ampeldenta, kang kawilang dadi panggedening para wali kabeh.

1. Kanjeng Susuhunan ing Gunungjati, namane timur Raden Tamjid, banjur nama Sultan Muchijidin ing Cirebon, martapeng Wukir Jati, karan Susuhunan ing Gunungjati, ingkang apeputra Sech Sutamaradja kang sumare ana ing muareng Demak.

2. Kanjeng Susuhunan ing Giri Gajah Kadaton, nama timur Raden Satmata, banjur nama Susuhunan Prabu Setmata, ing Giri Gajah Kadaton, iya Susuhunan Ratu Unggul, ingkang apeputra Sech Wali Lanang.

3. Kanjeng Susuhunan Daradjat, nama timur Raden Amat, banjur nama Susuhunan Mukti ing Darajat, ingkang apeputra Kanjeng Susuhunan ing Ampeldenta.

4. Kanjeng Susuhunan ing Benang, nama timur Raden Muchamad, banjur nama Kanjeng Susuhunan Anyakrakusuma, iya Sang Ratu Wahdat, dalam ing Benang, ingkang apeputra Kanjeng Susuhunan ing Ampeldenta.

5. Kanjeng Susuhunan Kalidjaga, nama timur Raden Sahid, banjur nama Kanjeng Susuhunan Djoharmanik, dalem ing Kalijaga, ingkang apeputra Tumenggung Wilwatikta ing Jepara.

6. Kanjeng Susuhunan Tembajat, nama timur Sech Waliju'lislam, banjur nama Pangeran Adipati Natapradja, ing Pandanarang, martapeng Tembayat, banjur nama Susuhunan Tembayat ingkang apeputra Sech Molahu'lislam.

7. Kanjeng Susuhunan Kudus, nama timur Raden Alifah, banjur nama Susuhunan Kalifah ing Kudus, ingkang apeputra Kanjeng Susuhunan ing Ngudung, kang seda ing rana nalika isih dadi senapati-ngayuda.

8. Kanjeng Susuhunan Maryapada, nama timur Raden Jusuf, banjur nama Kanjeng Susuhunan Mahardika ing Maryapada, ingkang apeputra Kyai Ageng Malaka, ibu putrane Kanjeng Susuhunan ing Ampeldenta, nama Nyai Ageng Malaka.

9. Kanjeng Susuhunan Madjagung, nama timur Raden Mahmud, banjur nama Susuhunan Mahmuddin ing Majaagung, ingkang apeputra Kanjeng Susuhunan Daradjat.

#### 54. WARNANE SAJEN KANG PEPAK KANGGO NGEDEGAKE OMAH

Iki etung saking dawuhe Ingkang Para Wali Sanga, kang diowel para putra wayah, lan abdi ing mburi, kang kurang ekase ing laku, yen ana bangsa kayu jati kang singid, tuwin angker, sudangraba prabatang selep, iku pada den prayitnani, aja ana kang pada melu kaya kang wis sinebut ekas mau.

Yen arep ngedegake omah gede cilik, ngupaya dina kang becik, lan nyingkirana dina kang wis sinebut ala kabeh, kaya ta Na'as Nabi, sangaran Tahun lan Sangaran Sasi, iku wajib den singkirana lan nganggo sajen kang genep, kang supaya rahayune dienggoni, utawa kang pada nyambut gawe kabeh, dene warnane sajen kabeh, kaya ing ngisor iki pratelane;

1. Arta wolung duwit, diselehake ing catokan wolung panggonan.
2. Jarit kembangan wolung rupa, kabebetake ing saka wolu, wolung panggonan.
3. Iwak dendeng, godong sente, dedak, kapendem ngisor saka panggonane.
4. Tumpeng among sajodo, gecok mentah wolung takir ing catokan anggone.
5. Pari sabelah, krambil sacukil, gula salirang tunggalane.
6. Gedang ayu, suruh ayu, gambir, jambe, tembako, apu, gan tal kaca menga tunggalane.
7. Klasa bangka anyar siji, kutug diyan aja mati tunggalane.
8. Krambil satabone siji, tengahing omah panggonane.
9. Gentong anyar papat pada isi banyu kang kiwa panggonane.
10. Kendi anyar papat pada isi banyu, lan kembang sataman ing tengah enggone.
11. Cengkaruk gimbal, wajik arang, kembang pari tunggalane.
12. Godong kluwih, godong apa-apa, godong dadap srep, godong kara, cangkring wali-kukun tunggalane.
13. Empluk papat pada isi beras kebak ing pojok enggone.

14. Sega wuduk, ayam petak den ulah lembarang, kang kiwa panggonane.
15. Sega golong sangang jodo, iwak kebo, siji, pecel tawon, jangan menir, kang kiwa panggonane.
16. Tukon pasar sawarnane rong tampah kang pepak nganggo enjet.
17. Jenang abang satampah, jenang baro-baro satampah.
18. Apem kocor, dawet tunggalane.
19. Sega iwak panganan kang akeh kang sarwa resik prayoga.

### 55. DUNUNGE KANG PADA DISAJENI TUMRAP NGEDEGAKE OMAH.

Ing ngisor iki pratelan dununge kang pada disajeni 19 prangkat kasebut ing nduwur mau.

1. Kang disajeni salahing catokan kang anget.
2. Anajeni kayu sundang lan panas kang sisip ing ngisor.
3. Anajeni kayu kang kapendem tales ing lemah kang ngang-sari ala.
4. Anajeni para lelembut kang isi bocah kang pada mbesur.
5. Anajeni para sisiltikus aja angrusuhi sabarange.
6. Anajeni kang para alus putri brekasakan.
7. Anajeni kang para alus lan bangsa seseler kang andulu.
8. Anajeni kang bangsa colong maling calimut kang mbeler.
9. Anajeni kang bangsa mondok tuwin dayoh mampir aja pada melik.
10. Anajeni bangsa dayoh lanang wadon ayema kang pada mampir lan kang nyambut gawe.
11. Anajeni klabang kalajengking babak-salu tawon kang bangsa antup kabeh.
12. Anajeni kang bangsa tenung tuju kalisa ing pasangan uwong.
13. Anajeni aja kurang sandang pangane, tuwin rejekine anaa bac.
14. Nyuwun supangat rahayu ing Gusti Rasul kang agung sawabe.
15. Nyuwun pangestu Para Kangjeng para Wali Sanga, kawilujengan sapanginggile.
16. Anajeni Kang Rumeksa Dang Hyang Kang Smara-bumi ing bumi kono.
17. Anajeni kang Akal-Bakal ing bumi kono lilane den enggoni.
18. Anajeni Kanjeng Nabi Kilir, lan Kanjeng Nabi Ilyas.
19. Anajeni wong kang sami nyambutgawe supaya saguh sengkut demuwe.

## 56. ISYARAT LAN SAJEN KANG GANEP KANGGO NGELIHI OMAH ANYAR

Iki Isyarat wong arep Ngelihi Omah Anyar, sadurunge linebonan, den piranteni Sajen disik, dene sawarnaning sajen mau, kang genep, kaya ing ngisor iki pratelane :

- a) Kembar-mayang sarakit.
- b) Tuwuhan, sarakit.
- c) Bedaringan isi beras kang kebak.
- d) Botekan isi craken kang kebak.
- e) Gentong lan jembangan pada isi banyu kang kebak.
- f) Pari sagedeng.
- g) Cikal siji utawa luwih.
- h) Krambil satabone siji lan gula satangkep.  
(Barang sajen a tumeka h iku didokokake ing panggonan kang sapatute).
- i) Sega wuduk ulam ayam putih mulus ingolah lembarang, ing patanen panggonane.
- j) Gedang ayu suruh ayu, gambir jambe mbako apu gantalan, kaca menga kutug diyan aja mati, ing patanen anggone.

Bareng teka kang duwe omah, ing sawanci-wanci banjur sidekah lan nindakake syarat-syarat kaya ing ngisor iki :

- a) Memulé Inggang Akal-Bakal kono, lan Kang Smarabumi, dene warnaning slametan mau, sega golong sangangjodo ulam kebo siji, pecel tawon jangan menir, jenang abang lan jenang baro-baro, tukon pasar kang pepak.
- b) Gecok mentah winadahan takir, dinokok ing pangeret enggone.
- c) Dene kang duwe omah lanang wadon aja nganti turu sawengi nutug, lan sapa kang pada melu melek sawengi pada kasukanana arta sapantese, sawise bangun esuk pada kacaosana dahar sega liwet pitik tulak, dene balung lan wulune banjur kapendema ana satengahing jogan, pamendeme mau, aja nganti kawruhan ing wong.

## 57. WATAKING SASI KANGGO NGELIHI OMAH ANYAR

Iki Wataking Sasi, kang ala lan kang becik, yen kanggo ngelihi omah anyar, kapiliha kang becik watake, ing ngisor iki pratelane.

1. Muharram, ngalamat ura-uru, tur akeh bilahine.
2. Shafar, becik akeh janma wedi asih.
3. Rabi'u'lawal, ngalamat mati lanang wadon susah kang kari.

4. Rabi'ulakhir, akeh kang asih pada tumeka ing sira.
5. Jumadi'lawal, luwih saking ala saka ing petunge.
6. Jumadi'lakhir, ngalamat geringan saking nggonira ngalih.
7. Rajab, becik kinasihan ing sapada-pada.
8. Sya'ban, becik, akeh mas salakane, tulus sabarange.
9. Ramadhan, becik oleh mas tur rahayu.
10. Syawal, gelis kobongan sira, iku ing petunge.
11. Zu'lkaedah, kinasihan pawong sanak sadulur.
12. Zu'lhijjah, ngalamat oleh sih-ing sapepadane.

### 58. PETUNG DAWANING OMAH

Iki petunge bakal karsa yasa omah gede utawa cilik, bakal dawaning omah kapetung saking pecake dewe, etungane lima, kaya ing ngisor iki :

Esri, Kardi, Gana, Emas, Salaka.

1. Yen Omah, kaaraha tiba Emas.
2. Yen Pandapa, kaaraha tiba Salaka.
3. Yen Pawon, kaaraha tiba Gana.
4. Yen Lesung, kaaraha tiba Kardi.
5. Yen Lumbung, kaaraha tiba Esri.

### 59. PETUNG DAWA LAN AMBANING SAKA OMAH

Iki petung ukuring Saka Omah, kajabaning tanceb, lan purus, dawane saka kang katon iku bae, lan ambane (garis tengahe), kaukur saking pecake dewe, dene wilangane kanggo etung lima, kaya ing ngisor iki :

Bumi, Banyu, Gunung, Sengkala, Geni.

1. Dene tinemune saking wilangan lima mau, kang becik arahen tiba Bumi, watake Bumi iku tetep.
2. Yen tiba Banyu, watake serepan.
3. Yen tiba Gunung, watake kerep ngalih.
4. Yen tiba Sengkala, watake kerep gering.
5. Yen tiba Geni, watake kerep kobongan.

### 60. PETUNG CACAHING USUK

Iki petungane Cacahing Usuk, tumrap kanggo omah, pandapa masjid, regol, lan pawon, dene etunge uga lima, kaaraha lungguhe dewe-dewe, supaya bisa cocog ang sare kang becik, kaya ing ngisor iki wilangane kang lima :

Esri, Kitri, Gana, Kaliyu, Pokah.

1. Yen kanggo Omah, arahen tiba Esri.
2. Yen kanggo Pandapa, arahen tiba Kitri.
3. Yen kanggo Masjid, arahen tiba Gana, (Yen kanggo liyane masjid, bisa dadi angker, ngemungake kanggo Kandang lan Gedogan iku ana prayogane).
4. Yen kanggo Regol, arahen tiba Kaliyu.
5. Yen kanggo Pawon, arahen tiba Pokah.

## 61. PETUNG CACAHING USUK PRING

Iki petung cacahing Usuk Pring, iya lima wilangane, den pada angyektekena, kang pada nganggo usuk pring, yen ora bisa milang kabeh, mung kaaraha wilangane usuk kang marang tebening molo, iku bae aja tan ora, kudu nganggo petungan kang becik miturut lungguhe dewe-dewe, apa dene kang tumrap omah, pandapa, gandok, pawon, kandang, gedogan lan lumbung, iku kabeh olehna lungguhe, kaya ing ngisor iki wilangane kang lima :

Esri, Wredi, Gana, Emas, Salaka.

1. Esri, lungguhe tumrap kanggo Lumbung.
2. Wredi, lungguhe tumrap kanggo Kandang.
3. Gana, lungguhe tumrap kanggo Pawon.
4. Emas, lungguhe tumrap kanggo Omah.
5. Salaka, lungguhe tumrap kanggo Pandapa.

## 62. PETUNG UKURING PAGER POMAHAN

Iki Petung Ukuring Pager Pomahan, dene kang kanggo ngukur nganggo depa utawa dedege dewe, ana dene jembaring pomahan mung miturut sasukane kang darbe pomahan iku, wilangane petung ana lima, kaya ngisor iku :

Esri, Tapa, Lungguh, Saddhana, Puger.

1. Yen tiba Esri, watake serepan.
2. Yen tiba Tapa, watake keluwen.
3. Yen tiba Lungguh, watake tetep.
4. Yen tiba Saddhana, watake sugihan.
5. Yen tiba Puger, watake kukuh.

Karujukna karo petung Pasikoning Pomahan kang kasebut ing ngisor iki.

### 63. PETUNG PASIKONING POMAHAN

Iki ana maneh petung Pasikoning Pomahan, kang kanggo ngukur ia depane dewe, dene wilangane nganggo petung papat, kaya ing ngisor iki petungane :

Bumi, Karta, Kala, Kali.

Iki patrape yen ngukur, kaolehna petunge.

Awit saking pojok lor-kulon, mangidul, tumakane pojok kidul kulon, bisaa tiba Karta.

Awit saking pojok kidul-kulon, mangetan, tumekane pojok kidul-wetan, bisaa tiba bumi.

Dene pangawene lawang-butulan, kaaraha kang tiba petung Kala Ana dene sapira jembar ciuting pomahan mau, iya sasukane kang duwe pomahan dewe.

### 64. PETUNG UKUR DOH - ANTARANING PANTI LAN PANDAPA

Iki petung ukur Doh-Antaraning Panti lan Pandapa, kang kanggo ngukur pecake dewe, miturut wilangan papat ing ngisor iki: Bale, Omah, Latar, Pawuhan.

Banjur kaaraha tibane petung Bale.

### 65. PETUNG UKURING GEDOGAN UTAWA KANDANG

Iki petung ukur yen arep iyasa Gedogan miwah Kandang, kang diukur iya iku palange gedogan utawa kandang kang arep digawe, kajabane purus, kaukur nganggo pecake dewe, miturut wilangan papat ing ngisor iki.

Candi, Karta, Rogoh, Sampoyong.

1. Ukuran dawaning Palang, kaaraha tibane Karta.

2. Ukuring dawaning Saka, kaaraha tibane Candi.

### 66. PETUNG UKURING DOH - ANTARANING POJOK OMAH TUMEKANING POJOK GEDOGAN UTAWA KANDANG.

Iki petung doh-cedaking Gedongan utawa Kandang, antarane karo Omah, ukure iya pecake dewe, miturut wilangan papat ing ngisor iki :

Karta, Baja, Samaya, Ngemasi.

Dene wiwiting pangukur, wiwit saking pojok omah, tumekane pojok gedogan utawa kandang, iku kaaraha tibane wilangan Karta.

### 67. PETUNG UKURAN DAWA-PLAYUNING OMAH UTAWA POMAHAN

Iki petung ukuran dawa-playuning omah utawa Pomahan, kang kanggo ngukur pecake dewe, nganggo petung lima ing ngisor iki :

Karta, Kayasa, Candi, Retog, Tempoyong.

1. Kang prayoga kaaraha tiba Karta.
2. Yen tiba Kayasa, kerep ngalih.
3. Yen tiba Candi, geringan lan samun.
4. Yen tiba Retog, melarat gede.
5. Yen tiba Tempoyong, kerep kasusahan pikir sabarang nalar. Muga pada anitenana ing petung iki.

### 68. PETUNG UKURING PAGER-WARANA

Iki petung ukuring Pager-Warana, pangukure saking pojok batur omah, notog pager wetan, ukure bau kiwa, dene kang kulon saking pojok batur omah, notog pager kulon, ukure bau tengen, etunge nganggo wilangan papat ing ngisor iki.

Tamporat, Tempayang, Kadang-netra, Bau-teka.

1. Warana kang wetan, kaaraha tiba Kadang-netra.
2. Warana kang kulon, kaaraha tiba Bau-teka.

Petung iki awewaton omah kang marep ngidul.

### 69. PETUNG LONGKANGING OMAH TUMEKANE PAWON. LAN LONGKANGING PANDAPA TUMEKANING REGOL.

Iki petung longkanging Omah tumekane Pawon, lan longkanging Pandapa tumekane Regol, etunge pada nganggo wilangan papat ing ngisor iki :

Bumi, Karta, Kala, Kali.

1. Longkanging Omah tumekane Pawon, kang kanggo ngukur sakubening wetenge dewe, kaaraha tiba Karta.
2. Dene longkanging Pandapa tumekane Regol, kang kanggo ngukur pecake dewe, kaaraha tiba Bumi.

### 70. PETUNG KEBLATING SUMUR

Iki petung Keblating Sumur, kang ala lan kang becik, muga den kawikanana.

Yen omah marep mangidul, keblating sumur kaaraha ana sakidul pawon, utawa salor pawon, kang kanggo ngukur gulon-klambine dewe.

dene gonggangge saka pawon, lan ukure ambane sumur, kaya dohe mau, nganggo etung wilangan papat ing ngisor iki :

Telaga, Kali, Segara, Sendang.

1. Yen tiba Telaga, agung banyune, nanging anta rasane.
2. Yen tiba Kali, asring kacemplungan sarah barang.
3. Yen tiba Segara, asin rasane banyune.
4. Yen tiba Sendang, enak rasane banyune, nanging asring asat lan singit.

Saking piranti warnane sajen kang pepak, yen arep wiwitgawe kaaraha ing dina Sabtu Legi, tibaa nuju padang rembulan.

---



